Соколёнок

# Лачен

**4–5/2020**

**июль – октябрь**

0+

**ДАГЪИСТАНАЛЪУЛ ХIУКУМАТАЛЪ КIИ-КIИ МОЦIИДАСАН ЛЪИМАЛАЗЕ БАХЪУЛЕБ ЖУРНАЛ**



**«Лаченалъул» 40 сон**

# „Лачена лъул" 40 сон

## Лъималазул куркьбал ругеб чапаралъул юбилей

Кьер-кьераб, аваданаб, цІализе гъира бугеб ва Кавказалдаго цо бугеб лъималазул журнал ккола «Лачен». Гьеб къватІибе бачІуна МугІрузул халкъазул ичІго мацІалда. 40 соналъ Дагъистаналъулги, Россиялъулги, дунялалъулги лъималазе хъвараб-щинаб гвангъараб асар гьаб журналалъул тІамчазда бахъана.

Журналалъе кьучІ лъуна нилъер машгьурав ракьцояв, Дагъистаналъул халкъияв шагІир Расул ХІамзатовас. Гьесул пикру букІана тІолабго Дагъистаналъул лъималазе цІар рагІарал ва махщел камилал хъвадарухъабазул цІиялги лъикІалги асарал цІализе рес кьезе.

БатІи-батІиял соназ къватІибе биччазе журнал хІадур гьабуна Дагъистаналъул адабияталда гвангъарал цІарал тарал: МухІамадрасул Расуловас, ГІамир Гъазица, Рашид Рашидовас, МухІамад Хириясулаевас, Акай Акаевас, Нурадин Юсуповас, ГІабдулфатахІ ФатахІовас, Юсуп Базутаевас ва цогидалги машгьурал хъвадарухъабаз, цадахъго гьеб журналалъе квербакъана батІи-батІияб гІелалъул авторазги.

Журнал берцин гьабун къачІаялда тІад хІалтІана гьунар бугел, цоцаца такрар гьаруларел, жидерго ххатІ бугел, лъималазе рокьулел художникал: ГІиса Хумаев, Светлана МухІамадова, Анатолий Шарыпов, Сраждин Батыров, Игорь Тимофеев ва цогидалги махщелчагІи. Журнал лъугьана жиндирго къагІидаялъул гьитІинаб анталогиялъунги, жинда жаниб мугІрул халкъалъул гІадаталги, культураги, искусствоги бихьизабулеб энциклопедиялъунги.



ЦІияб гІасруялдаги «Лачен» жиндирго къагІидаялъ боржунеб буго. Гьанжеги, цебе гІадин журналалъул гьурмазда рахъулел руго лъикІа-лъикІал кучІдулги харбалги, гІисинал къисабиги биценалги, гІисинал цІалдолезул кагъталги гьез кочІодалъун букІаниги, харбидалъун батаниги, суратаздалъун бугониги загьир гьабураб гьунар-махщел, биценкІаби ва абиял.

Дагъистаналъул щибаб миллаталъул ва халкъазул хазиналъун нахъе цІунун бугеб фольклоралъеги батІи-батІияб гІелалъул авторазеги кидаго рагьараб нуцІа буго журналалъул тІамчазда.

Юбилейгун, куркьбал ругеб, ракълиде ва лъикІлъиялде ахІулеб лъималазул рохалил чапар – «Лачен»!

**Мурад АХІМАДОВ**
***(Литературиял журналазул бетІерав редактор)***

# Расул ХIамзатов
# Лъимал

Дида цебе тIугъдузул
Берцинлъи лъалароан.
Лъимал гIолеб мехалда –
Гъанже хIайранлъун вуго.

«РорчIами» - ян гьетIула
Щибаб гIинтIиялде дун.
ГIодоса гьеб тIолелъул
ТIепула тIелхалълъ магIу.

Дида цере хIанчIазул
КучIдул ричIчIулароан.
Кинида лъимал рихьун,
Лъай гьанже хисун буго.

Щибаб хIинчI пархулелъул,
Борхун уна дир керен;
Гьез куркьбал хьвагIулаго,
Хьухьакьа хIинкъула дун.

Дида цебе гIумрудул
Къимат бичIчIулароан.
Лъимал каранде къайгун,
Цо къоязда бараб нур!

ЩIияб хIасратги лъана,
ЩIияб хIинкъиги лъана,
Цо лъалебцин букIинчIеб
Канлъи, хинлъи бачIана.





# Эбел



Эбел, дуца азарго
КечI ахIана васасе,
Гьел рукIинчIелани дун
ВукIинецин вукIинчIо.

Дур тIинкIулеб магIуялъ,
Дур абулеб рагIиялъ,
Дуца ахIулеб цIаралъ
ЦIунана дун ракьалда.

Инсуца абулаан,
Жинда эбел лъачIилан,
Эбел лъарав – налъулав,
Дица щибжо гьабилеб?

Гьалагьаб рагъ лъугIана,
КIиявго дир вац чIвана.
ЧIаго хутIарав дица
Щибжо дуда абилеб?

Ахиралда июналъ
Эменги ватIалъана,
БетIер хъахIлъарав дур вас
Кинан дуда кIалъалев?

Балагьалъул гьороца
ГIемерал росун ана;
ГIурччинаб ихги кечIги
Дица данде къан буго.

Вацал чIвана, дун щайзе
ЧIаго хутIарав, эбел?
Холелъул гъоз щурараб
Дур цIар цIунизе гурищ?

Мун цIунеян инсуца
Унеб мехалъ гьарараб,
Ахирияб васият
ТIубазабизе гурищ?

Дий сонал кьун ратила,
Сапаралъ рокъой щвейгун,
Бакъул рукIкIбуз букъараб
Кверлъин дуда тIад чIвазе.

Хадуб, лъадиги ячун,
Лъимал гьарураб мехалъ,
Гьезда дур рахъалъ бицун
Дунял бихьизабизе.

РекIел чIчIваяз бессараб
Дир сариназул тIанса,
Дур сурат бакьулъ гьабун,
Гьал кьурабазда базе.

Кьер-кьерал асаразул
Мухъал ругеб кочIол шал
Киналго улкабалъул
Улбузда «маян» чIвазе.

# «Лачен» журналалъул юбилей

Гьале исана кIикъого сон сверана магIарул мацIалда бахъулеб лъималазул журнал «Лачен» къватIибе бачIаралдаса. Нилъер лъимал церетIеялъе цIакъго цIикIкIараб кIвар букIана ва буго «Лачен» журналалъул.

ТIоцебесеб къоялдасаго журнал биччаялъул иш кодобе босана лъималазул гIумруги бичIчIулел, гьел умумузул гIататал цIунулеллъун рукIинеги бокьарал, лъималазул бичIчIи-лъаялъе гIоло къеркьезе таваккалги бугел гIадамаз. Хадурккунги журналалъ цолъизаруна хIалхьи гьечIеб ракIалъул, лъималазул гIамал-хасият бичIчIулел, унго-унголъунги лъималазул мурадал ва ихтиярал цIунулел гIадамал. Гьез жидерго мисалалдалъун гьитIичал ахIана адабият-лъай борхизабиялде, ВатIан бокьиялде. ГIемераб жо бицуна кIикъого соналда жаниб магIарул мацIалда бахъулеб лъималазул журналъе нухмалъи гьабурал нилъер миллаталда гьоркьоб машгьурлъи щварал гIадамазул сияхIалъ: Адалло, СагIид ГIалиханов, МухIамад Хириясулаев. Жакъа журналалъе нухмалъи гьабулеб буго магIарулазул машгьурай шагIир ГIайшат Малачиевалъ.

«Лачен» кидаго букIана лъималазул адабият-лъай цебетIезабулеб чирахълъун. МагIарулазулги, Дагъистаналъул цоги миллатазул шагIирзабазулгун хъвадарухъабазул асарал ва таржамаби лъималазухъе щвана нилъер «Лачен» журналалъул гьурмаздасан.

Гьеб гуребги, журналалъул гьурмаздасан лъималазухъе щвана халкъияб кIалзул гьунаралъул асарал, хъвадарухъабазул гIумруялъул ва асаразул бицунел макъалаби, миллаталъ нахъа тараб тарих, маданияталъул нух. Гьоркьоса къотIичIого бицана мацI лъазе ва цIунизе ккеялъул, гьеб школазда малъиялъул кIвар бугел суалазул хIакъалъулъ. «Лачен» журналалда абизе бегьула лъималазул гIумруялъул матIуйилан.

Дагъистаналъул гIелмияб централъул гIалимзабаз гьоркьоса къотIизе течIо «Лачен» журналалъулгун гьудуллъи. Лъималаз гьираялда къабул гьарула адабияталда, мацIазда, маданияталда, тарихалда хурхарал гIалимзабазул макъалаби.

Жакъа юбилеялъул къоял тIаде щведал, цIидасан ракIалде щола «Лачен» журналалъул тарих, гьелъ нахъа тараб нух. Рохизарула журналалъул хIалтIухъабаз жидерго жигарчилъи-хIаракатчилъи свине толеб гьечIолъиялъ, журналистазул махщел-бажари борхулеб букIиналъ. Биччанте хадубккунги «Лачен» журналалъ лъималазул цIали-ишалъул, рукIа-рахъиналъул гIемер бицине.

Гьарула «Лачен» журналалъул нухмалъулей ГIайшат Малачиевалъе ва хIалтIухъабазе талихI, халатаб гIумру, хIалтIулъ бергьенлъаби. ТIолалго магIарулаздаги баркула дица «Лачен» журналалалъ кIикъого сон тIубай, щайгурелъул гьаб гьайбатаб байрам нилъер миллаталъего гIаммаб буго.

**МухIамадов**
**МухIамад Ибрагьимович,**
*филологиял гIелмабазул доктор,*
*профессор*



# МугIрул

Падаляло Палиев
«Лачен» журналалъул тIоцевесев редактор

I.

Ралъдал гаваналда гумузул дугълъун
Гвангъулел куц, нужер гIазулал тIогьал!
ГIалам гъапуллъараб сардил гIужалда
СихIкъотIи, чIегIерлъи чIахIиял нужер!
Аза-азар соназ сундул хIакъалъулъ
Нуж гьедин ургъулел ругел, дир мугIрул?
Кида нуж рорчIилел, кида кIалъалел,
Кида гьаб балъгояб пикру рагьилеб?
...Нужер гIодориччай, нужер сихIикъотIи,
Нужер къаси бецIлъи, нужер къад гвангъи! –
Дие хIалхьи гьечIо гьеб бичIчIичIого,
Дун ургъулев вуго гьеб ургъел лъазе.

2.

Сордо. ГIодобиччан дун гIураб росу.
ГIицIго сардил хIанчIчIил хIайранаб гьиштIи.
ХIеренаб гьуригун гьаругьинан дун
Гьале росдал къватIккун къокъунев вуго.
Къадазда кунчIиги чIвазабун, цIваби
Звангъелаго тIаде роргулел руго.
ТIоцеве вихьулев чиясухъ гIадин,
ГIажаиблъун дихъ моцI балагьун буго.
БигьарогъутIбуца бутIрулги хьвагIун,
Дие гьогьен буго гьабулеб къаси.
Гьобол, ракIбакъвазе биччагейилан,
Бакъан буго дие иццалъ бачунеб.
...Гьале росдал рагIал, шурун унеб лъар,
Лъараде къваридго къулун риццIигъветI.
Дун гьелда мугъги цун балагьун вуго
БецIлъукь гъапуллъараб расалъиялъухъ.
ЦохIо гьури буго гьаниб свердулеб,
Гьелъий къо, къасимех гьечIо батIалъи.
БачIун квалквадула катIариялда,
Кеп щун кьуркьудула кьурул гIусалда.
Кьижараб росда тIад бахъула свери,



Хваразул заназда жендула гьоркьоб.
Гьеб пашманлъуларо, гьеб бохуларо,
Гьелъул ватIан гьечIо, гьелда ракI гьечIо.
Гьаб гIодобиччараб сардил гIужалда
Роржанхъулел руго дир хиялалги.

3.

Жеги расалъуда сордо букIаго,
БагIарбакъул чIорал чIвала мугIрузда.
ЧIегIерлъукь гьапуллъун гьаб росуги тун,
Гьекъола тIогьоца тIоцебе хинлъи.
Гьезда урхъун ахикь, бутIрулги хьвагIун,
ГъутIбузул пашманаб бахъуна щур-щур.
Ахалъуда букIун ракIбакъван гIадин,
ГIисинккун хъитIазе зигардула лъар.
Звангъелеб рогьалил гьогьеналъулъан
Лъалъала гIурччинаб гIодоблъи бакъуд.
Къаси сордо барав сапарчи гIадин,
ГIатIидаб гьеб нухде бахъуна дунял...
Рогьел. Росдал къватIахъ къадал картIахъе
Канлъудаса бецIлъи лъутулеб буго.
Лъоба, мугIрул тIогьиб, тIел-тIел гьабун накIкI,
ТIаде бакъ щвелалде щущалеб буго.
Щурщудулел гъутIби, чIирчIилел хIанчIчIи,
ХIарамлъила макьу магIарухъ радал.
РоцIцIараб роол зоб – родолаб уххи,
Огь, цо гьаваялъул гьаниб лазатлъи!
Гьаругьин тIулбухъан беролел кIкIуял,
БакI-бакIалъан чIвалел гьуинал махIал.
Гьанисан-добасан кьолеб «ворчIами»,
Кьолон кIалтIа кIалцIи кваналел чуял!
Доле колхозалъул хурзабахъ ясал
Цудунго хIалтIуде тIаделъун руго,
ТIадвуссун магIарде унев гIиявехь,
Гьезул бакънал рагIун, хIинццлъулев вуго.
Гьабзазул хIапдейгун хIелкил гIегIеди,
Къо гIагарлъанагIан, буго дагьлъулеб.
ГIадамазул гаргар, моторазул хъуй
Магъилъ, ахикь гуреб гьечIо рагIулеб.
МаркIачI бачIинегIан чIехьараб росулъ
Вихьуларо инсан иш-пиша гьечIев.
Ва киве щваниги, магжилал гурел,
Гара-чIвариялъе чIваларо данд чи.
ЧIухIула дун гьезул захIмат бокьиялъ,
ЗахIматалъулъ гьезда талихI батиялъ.
Нилъер гучаб ВатIан жеги тIегьазе
Гьез гIодобе тIолеб меседил гIетIалъ.

# Баркула, «Лачен», юбилей!

1980 сон... Дида, жакъа гIадин, ракIалда буго Расул ХIамзатовас лъималазул журнал «Лачен» рагьанилан рохалилаб хабар бицине Хъвадарухъабазул союзалде Дагъистаналъул хъвадарухъаби ракIарараб къо. Доб мехалъ журнал рагьизе ихтияр гIицIго Москваялъ кьолаан. ГIемерал соназ Расул ХIамзатовас хIаракат бахъун рагьана «Лачен» журнал.

Дида рихьулел руго тIоцебесеб номер хIадур гьабизе цо рокьоре ракIарун ругел киналго мацIазда рахъулел журналазул редакторзаби, художникал. ТIоцевесев бетIерав редакторлъун вукIана мунагьал чураяв МухIамад-Расул.

Гьес тIоцебесеб къоялдаса нахъего чIезабун букIана, хадуб кIочон тараб, цIияб гIадат: журналазда рахъулел киналго кучIдул, харбал, маргьаби, киналго мацIаздаса руссине гьарурал, гьоркьор лъолаан, гьезул лъикIабквешаб рахъалъул бицун редакциялъул хIалтIухъаби ва редколлегиялъул гIахьалчагIи кIалъалаан, мустахIикъал ратани, рахъулаан, къачIазе, тIад хIалтIизе кколел гIадал ругони, нахъчIвалаан.

Гьебго къагIидаялъ хIалтIулаан художникалги: киналго рекъон, гьоркьор лъун, борцун-къотIун, кьолаан суратал.

Гьеб цIакъ битIараб къагIида букIана. Лъималазе кучIдул хъвазеги, суратал рахъизеги цIакъ захIматаб иш буго – гьезие гьереси бегьуларо, я бицунеб я бахъулеб суратазулъ.

ТIоцебесеб номер къватIибе бачIун хадуб «Лачен» лъугьана халкъалъе, хасго эбел-инсуе, лъималазе хирияб журналлъун. Гьелъие нугIлъи гьабула доб заманалда къолоцоазариде бахун букIараб гьелъул тиражалъ.

«Лачен» хъвалаан, тIадаб иш гIадин, щибаб школалъул библиотекаялъ, росдал библиотекабаз, учительзабаз, эбел-инсуца, лъималаз.

БитIараб бицани, лъималазул журнал «Лачен» халкъияб журналлъун лъугьун букIана. Щиб гьабилеб? Заман хисана. Жакъа гьел дагьлъун руго, гьеб Дагъистаналъе балагьлъун ккезе букIин бичIчIулеб гьечIо, лъималазда рахьдал мацI лъалеб гьечIо, гьез чияр мацI бицунеб буго, гьединлъидал «Лачен» журналалъе подписка гьабулеб гьечIо.

Хирияв магIарулал! Пикру гьабе, кире нилъер унел ругел? Лъималаз чияр мацI бицунел, чIахIияз, гьезда мисал бихьизабун, нилъерго гIагараб мацI рехун толеб буго.

МагIарулазул гIадал хъвадарухъаби, гьунарги тIокIал, цIарги тIадегIанал, гIемерал чIахIи-чIахIиял пачалихъазда гьечIо.

«Лачен» журналалъ нужее рахъила нилъер классиказул хвелгьечIел асарал: Инхоса ГIали-хIажиясул гIакълудал ралъад гIадал назмаби, МахIмудилги ЧIанкIалги магIарулал чIалгIарал чIагояб рокьул кучIдул, ЦIадаса ХIамзатил хIеренго дарсал кьолеб махсараялъулаб сатира, Расул ХIамзатовас нужер рекIелъ гьелчезабила кIудияб дунял, океан гIадин, Фазу ГIалиевалъ кочIолъ ахIила Дагъистаналъул чIужугIаданалъул кIодолъи, ГIабасил МахIамадил цIигьарурал кучIдул киназего хириялльун лъугьина, ГIумар-ХIажи Шахтамановасул гьалдолеб рекIел асар щивасда цадахъ букIина, Муса МухIамадовасул асаразул мацI лъалев чиясда унго-унгояб къагIидаялъ рахьдал мацI лъала, гьезда хадур рачIарал ва рачIунел магIарул хъвадарухъабаз роххизаризе руго жакъасеб «Лаченалъул» цIалдолел.

Баркула, «Лачен», юбилей!

**МухIамад АхIмадов,**
*Дагъистаналъул Хъвадурухъабазул союзалъул председатель, Дагъистаналъул халкъияв шагIир.*

# Мухамад Ахмадов

Дагъистаналъул халкъияв шагIир

## Маргъу

Къижизе бокьун гьечIо, -
Макьу тIурулеб буго,
ТIаде къулун кIодоца
КIикIулеб буго гьулак.

Гьелъ бицунеб маргъудул
Гьаракь буго дир рекIелъ, -
РекIун руго чирахъал
Лъимерлъиялъул гъасда.

Лъаларев чотIохъанас
Хъамун ана меседу,
Гьесда хадув валагьун
Хаган хутIун вуго дун.

Хъарталъ хъат кьабурабго
Кьуру биххулеб буго,
ЧотIахъанасда хадуб
Балагь гIедегIун буго.

ГIолеб  гьечIо дий хIухьел,
ЦIорон буго кIалдиб мацI.
РагIаби, сихIрабилъун,
РештIунел руго рекIелъ.

КIодоца хъахIал расал
ЧахтIикье рачунаго,
Бицунеб буго дие
Халкъалъ цIунараб маргъу.

ЧотIахъан гIужде щвела,
Меседу гьесий кьела...
Хадусеб маргъуялда
Гьезулги лъимал гIела.

Гьаб дир гIумруялъулги
ГIадамаз бицинадай,
Яги къарнудал чоца
Чабхилъе рехиладай?

## КечI

Халкъалда цее яхъун
КечI цIализе тIад къана,
ТIаде заман щварабго,
Щай лъаларо, хIинкъана.
РачIунаро рагIаби,
РагIулеб гьечIо гьаракь,
ГIодизейищ гIодилей,
ГIадамалги ралагьун.
Дица диего буго
АхI-ахIун кечI цIалулеб:
– Гьаракь рагIулеб гьечIо,
РагIи бачIунеб гьечIо..

## Бакъдебусс

Меседил бетIер борхун
Хуриб эхетун буго
Бакъ гIадинаб бакъдебус,
Сверухълъи гвангъизелъун.

ТIагIамаб семечка гьелъ
Гьарзаго цIунун буго,
ЦIубарабго, дир цабзаз
Цо-цоккун чIучIина гьеб.

Мухlамад Султанов

# МИХЪАЛ
*(хабар)*



Ункъабилеб «Б» классалъул цIалдохъабаз гъоркьисаго хIукму гьабуна рагъул инвалид Айдемирие кумекалъе хьвадизе. Долдаса нахъе лъимал щу-щуял, анлълъанлълъал рекъон радалги къаденахъеги досул бакIалде унаан. Ясаз рукъ бакIа-бахарулаан, васаз цIул бичIулаан, хIажатаб-таралда хадуб тукаде, яги цоги ритIалъуре унаан.

Разияв хважаинасги кумекчагIазе щибаб къоялъ цо-цо рагъул лъугьабахъин бицунаан.

Айдемир лъимал-хъизан гьечIев чи вукIана. ЦохIо вукIарав гIолохъанав вас машинаялъ авария гьабун чIвана. Гьесда хадуй гIемер гIодиялъ унти ккун хъизаналдасаги ватIалъана. ТIадежоялъе Айдемирил кIиябго бохги букIинчIо: рагъ лъугIизе моцI хутIараб мехалъ Германиялда фащистазул бомбаялъ гьав гьездаса ватIа гьавуна. Амма херав рагъухъанас лъиданиги хIаллъазе толароан. КIалдиса хочI-хабарги киданиги тIагIунароан. Гьединлъидал гьав лъималазе хириявги вукIана.

– Щибдай, бахIарзал жакъа нужее бицина? – абун гьимулаго, Айдемир нодо букIкIун ургъана. – Гьа! РакIалде щвана! Цо михъазул ккараб бицинищ?

Лъималаз састун бутIрул гьанкIизаруна.

– КIикъоялда ункъабилеб соналъул хаслихъегIуж букIана. Рачахъулаго фашисталгун ниж Бакъбаккул Пруссиялде лъугьана. ХIисабтун гучаб тIаделъиялъ нижеца щибаб къоялъ гIемерал шагьаралги росабиги рахъулаан. Амма, фашистазул аскаралда цадахъ цо чи гъоркь

хутIичIого, нахъияб халкъги тIурун ун батулаан. Гъеб щаяли нахъа лъана. Ургъунго гъоркьан биччараб вахIшияб хабаралъ немцал хIинкъизарун ратана. Кодове щварав чи, эбел-лъимер букIа, херав-бахIарав вукIа гIурусаз чIаго ракьулъ рукъулилан, гъез гIадамасул гьангицин кваналилан.

Совет аскаразул гурхIел бихьун нахъруссунезда гъорлъ фашистаз ургъунго ритIарал шпионалги диверсанталги ратулаан. Чан рагъухъанасул гIумру гьез гIадада хвезабураб! Чан батIи-батIияб квалквал нижер рагъулаб хIалтIиялъе гьабураб!

Цонухалъ разведчиказ штабалде вачун вачIана хIисабтун ратIлида гъалárав, кIичIван гьодилъа къуларав, рачлихъе мегеж щварав херав кIудада.

– Гьавги щибизе ккурав? – абун рокьукъго гьикъана командирас, – Германиялде нилълъ харабигун рагъизе гуро рачIарал!

– Гьалмагъ капитан, танказе бензин хIадурараб складалъул къедасан гьав дагIнихъего кIанцIана, – ян кIалъана гIолохъанав сержант, – дудаго ав лъутулеб куцги бихьизе лъикIан...

– Гьа-а, гьединищха, – ян абулаго командир херасде аскIове вачIана, цIодорго гьесул жинс-куцалъухъги валагьана. ЦинтIаго гьурмада кьогIаб гьимигун, капитанас хапун херасул мегеж ккуна. ТуркIараб мехалъ, гьебги гьурмадаса батIалъана. Седараб букIун буго. Сверухъе ругел тамашалъун ралагьун хутIана.

– Дица абичIищ, гьав херав чи гурилан, – абулаго сержантги аскIове гIагарлъана. ГьебсагIат немцасул михъал цIацIа-цIцIазеги лъугьана. «Херасул» вахIшияб гIергIери бахъана. Киналго чахьал рукIкIун релъана: михъал гьесул жиндирго рукIун руго.

Гьеле ккараб жо!

## ГУМБЕТ РАЙОНАЛЪУЛ ИСКУССТВАЛЪУЛ ШКОЛАЛДА ЛЪИМАЛАЗ РАХЪАРАЛ СУРАТАЛ











# Пулаҗлажи Шахтаманов

## Сухъмахъги Болнухги

Рохьоб сверун, свакараб,
Ссиртахъ ххарун, чIалгIараб,
ЧIедераб, тIинчIаб Сухъмахъ
Сардилъ щвана Болнухде.

ХIикмалъана, хIинкъана,
ХIисабалда гьикъана:
– Даци, мун кинангIаги
ГIураб гьедин кIудияб?

Цояб хьибил кьурда цун,
Кьижун букIараб Болнух
БорчIана, балагьана
ГьетIараб Сухъмахъалъухъ.

– Кинилая дун гIураб?
Киналго нухал гIадин...
НекIо дунги букIараб
Мунго гIадаб гьитIинаб.

– Вай, даци, дунги анищ
Мун гIадаб кIудаб гIезе,
ГIеблъизе, халалъизе,
Хадуб дунял тиризе!

Те, дуда хьибилги цун,
Цадахъ бекеризе дун,
Баче, далакьегийин,
Дуца дунги рикIкIаде...

– РикIкIадея? Щибизе?
Щибниги пайда гьечIо...
ГIагарде шагьаралде
Щвана дун... ГIела гьебги.

Мунги, дурго нухккун а,
ЧIахI-ххарилълъан лъугьун а,
Анищазул къандалъо
Къаданиб лъун, бегун чIа.

Пашманлъараб дир Сухъмахъ
СихIкъотIун тIадбуссана,
Ссиртахъан бахунелъул
Хиялазде жубана:

«Бихьуларищ гьагъаб нух,
Гьагъалъ бицараб рагIи,
ГIагарда шагьаралде
Щвараб гIелила жиндий!

РикIкIаде анищ гьечIеб
Гьеб нух нухлъун рикIкIунищ?
Гьедин хутIияладаса
Хвезе рохьоб лъикI гурищ?

Пашманлъуге, дир Сухъмахъ,
Свине тоге рекIел шавкъ,
Гьагъаб БолнухтIе бачIин,
Балики, гъалатIан те.

Гъолда дур хьул бичIчIичIо,
БикьичIо гъолъ дур гIищкъу...
ГIайиб чIваге, я херлъун,
Я свакан батила гъоб.

Нухал гIемерал руго
ГIагараб улкаялда,
РикIкIаде рачунебги
Батилебин, балагье!



Тубхlат Зургъалова

# Хасалихъулъидул бика

## (маргъа)

РукIанила, рукIинчIила, лъимал, божаразе гьанжеги ругила, божичIезе гьезеги гьечIила, зодил парччахIасул ункъо яс. Ясалги ясалищха гьел ругелила, жалго ясикIаби гIадалила, гIанаби багIаралила. Ункъайго яц цоцада релълъаралги ругила, ретIа-къай узданалги ругила, гьаруди рекъаралги ругила, рукъ-бакI къачIалел рукIун, кIвахI щибжоялиги лъаларила.

Ункъайго бикал месед-гIарацалъул кIилкIал-курхьабазул хIат букIинчIила, сурпа-тIутIалъулги гьарзалъиялда нилълъ божуларила, ретIелхьиталъул берцинлъиялъул бицун хIалги кIоларила. Чорхолъаги гьурмалъаги дагьалго жанир цIурал зодил хIурулгIинзаби бакъ-моцIалъул куц босарал ругила. ЦIорол ясикIабазул гIадаб гьанал кьер бугила, цо гьалипаялъулъуре риун тIурал гIадал ункъо меседил горо бугила. Буратинодаса хутIараб цIулал гьарурал гIадал, мугъзада чехь рекIарал, хьит цIезе хIетIе гурел, гурде цIезе черх гурел Барбиялги гьадингосел жалила.

Щиялъе ретIел-хьит батIи-батIияб кьералъул бокьулила. ТIоцеесей яцалъ кидаго ретIунила хъахIаб ретIел, кIиабилелъул рекIее къабулаб бугила чараб партал, лъабабилелъе хирияб бугила гIурччинаб кьер, ункъабилелда кидаго букIунила тIогьилаб ретIел-хьит.

Цойгиги хаслъи бугила яцазул: гIамал-хасиятги букIинарищха щиялъул хасаб. ТIоцеесей яц йигила гIодое йиччарай, ракIбацIцIадай, хIанил ясикIогIанги хъахIаб кьер-гьаналъул, жийго йигебщиналъубги рацIцIаракъалъи бокьулей. Амма эй рекъолареб жо бугила цого-цо хинлъи. Гьелъул рокъоб печгицин гьечIила. Эбелалъ цебе лъураб квенги гьелъ цIорон хадуб гурони кваналарила. ЦIорораб гуреб жо я кIалдибе биччаларила, я кодобе босуларила. Хинлъи бокьулел яцаздаги эй цIакъ гIажаиблъи гьабун йикIунила.

КIиабилей яц йигила дагьай чIинкьакIитIарай, чIаголъи чорхолълъ бессарай, гьимизе багьана къваригIунарей, яхъун рукъ сверун кьурдизе гIилла хIажалъуларей, хIалхьезегIан кьижунги букIун борчIараб лъимер гIадай жо.

Лъабабилей яцалъул хасият бугила тIегь-ххералъул босараб гIадаб беричаб, хIанчIазул бакъназул бессараб гIадаб ракI тирхараб, гьутIбузда барщулеб бугеб кьер-кьераб татуяб пихъил щвараб гIадаб, гIадамазе жийго йокьизаюлеб, рохьил пихъ гIадаб гьайбатаб.

Ункъабилей яцалъул гIамалалъ гIажаиблъизарулила. Цин, бакъ щвараб къоялъ гIадин, тирха-кIичун лъугьунила, цинги, чваххун балеб цIад гIадин, гIодизе лъугьунила, нахъеги, накIкI лъураб зоб гIадин, буризе кIутIбиги



гьарун, барщун ятулила. Амма цо цIакъго лъикIаб гIамалгиха ункъабилей бикал бугеб: киналго яцазда гъорлълъ бищун кIвахI гьечIейги, узданайги, ракIари бугейги йигила.

ЦIаралги ругила зодил парччахIасул ясазул цIакъго-цIакъ жидерго гIамал-хасиятазда рекъарал. ТIоцееселда – Хасел, кIиабилелда – Их, лъабабилелда – Рии, ункъабилелда – Хаслихълъи.

Шияй яцалъул жинди-жиндир тIадаб хъулухъ-ишги бугебила, цин – цояй, цинги – цояй, ункъайго рештIунила Ракьалде. Инсул хъала цоцо яцалъ лъаб-лъаб моцIалъ рехун тезе кколила. Зодил хIурулгIинзабаз Ракьги, Ракьалда бугебщинаб гъветI-ххерги, рухIчIаголъиги жидеего мутIигI гьабулила. ГIодое рештIарай яцалъ тIоцебе Ракьалда жиндиего бокьулеб кьер ретIунила, цинги гьениб ханлъиги гьабулила.

Жинде ирга щварай, Хасалихълъиян цIар бугей зодил бика Ракьалде рештIунеб къо бачIанила. Гьелъие бищун бокьулеб тIогьилаб кьер рехханила сверухълъиялде, гьелъул гIамалхасиятго гIадин, цIадал чваххулила, жакъа роцIцIун бугилан кканиги, къадеялде гьава-бакъ кьерхунила, бикал кIутIби гIадин, накIкIал бурун чIолила, буран бахъараб мехалъ «мэ-э»-ги бачун, кьагIи улбузда рекIун чIолила, къадакаби къадазулълъ рахчулила, тIугьдуз бутIрул далулила.

Хасалихълъи зодоса рештIараб къоялдаса нахъе лъабабго моцIалъ Бакъул ракI бохизеги биччачIила.

Амма хасалихълъи кIвахI гьечIейги йигелъулха, тIа-тIала лъун квералгун чIезе элда лъаларелъулха, къоял гьитIинлъулеб заманги бугелъул, гIадамаз хасалоде хIадурлъи гьабизе байбихьулила: хур-ххер бакIарулила,

хIан-нах данде гьабулила, гьан бакъвазабулила, доре рекерун, гьанире рекерун, рокъобе тIощелги хасало рукъзал хинлъизе цIул-ракги – кинабго данде гьабулила. Гьездаса нахъеккун хIайваналги жанаваралгицин чIоларила, хасалиде нахърател хIадуризе киналго тIаделъулила. Сардилъгицин къватIибе бекерун, хуриса мугь бакIаризе гIункIкIги лъугьунила, гьелдаса хутIараб бищизе къадакоги жубалила, рохьипихъ рукIкIбузда къан бакъвазабизе гIужрукъги багъарулила, щибаб жанаваралъ жинди-жиндир гъамас цIезабулаго, гьеки-гьунщиялда рохьил жамагIат бекерахъдилеб букIаго, «дир ункъабго квачI дие хаселалъ цIункIизе гIолин», жиндирго гвандинибе циги гебегун анила.

Гьеб гьайт-гьуйтги Ракьалъе гьабун, кинабго рукIалиде ккарабго, лъабабго моцIалъ Ракьул ханлъун йикIарай, тIогьилаб, меседил кьераб ратIлил бикаги Зодоего тIадюссине къачIаданила.

Гьелъул бакIалда, гIазул цIвабзазул бессараб, гIазухъахIаб ретIел-хьиталъги баргъич-кIиликIалъги хъахIал чIоралги риччалаго, Ракьалде рещтIанила Хасалил бика.



## Йохха, йохха, Наида!

**МухIамад ХIасанов**



Лъоб бакъ – дуе гвангъараб,
Лъоб зоб – дуе роцIцIараб,
Йохха, йохха, Наида!
Йохха, йохха, Наида!

Гъаб дунял - дуй рагъараб,
Дол цIваби – дуй гьимулел,
Рогьалида хIанчIчIазул
ХIасратаб чIичIиги – дуй!

ГIурччинххарилълъ тIегьалел
ТIугьдузул махIалги – дуй,
Гъаб кIудияб, кьер-кьераб
ТIолабго дунялги – дуй!
Йохха, йохха, Наида,
Йохха, тIинай Наида!

## ГъветI

КIодоца лълъим тIун гIолеб,
КIудадаца лъалъалеб,
Дир бетIералъул тIоноцI
ТIамхаца беэдулеб.
ТIогьиве валагьидал,
РекIелъ хIеренлъи толеб,
ХIасраталъ гIаламалъе
ГIумрудул рахIмат кьолеб,
Дир азбаралда буго
Беричаб гьединаб гъветI,
Гьурщун дие пихъ кьолеб,
Дие рагIад гьабулеб.

## НакIкI кибедай тIагIараб?

НакIкI зодобе бачIана,
БецIлъи лъазе лъугьана,
ТIолабго сверухълъиялъ
ХъахIаб дарай бигъана.
ХъахIаб кваскваc зодисан
Бортизе байбихьана.
ГьитIичахъе рохелгун
Ракьалде гIедегIана.
Цинги чIалгIиндал, накIкIалъ
Сверухълъи рехун тана.
ЧIегIерлъун букIараб ракь
ХъахIаб кьералъ хисана.
Ургъулев вуго Камил –
Кинго хадур гъоларо,
МугIрулго рахчараб накIкI
Кибедай тIурун араб?!



## Фазу ГIалиева

# Эбелалда гьикъе

Нилъеда кIочон тола
Унтараб къо, сахлъигун;
Нилъеда кIочон тола
Сахаб къо, унтаралго.
Сухъмахъал кIочон тола,
Шагьаралде рахъингун,
Шагьарал кIочон тола,
ГIатIилъуда рештIингун.
Амма гьеб кинабгIаги,
Гьансиниб сукIун лъураб,
Ххамил метраби гIадин,
Батула эбелалъухъ.
Гьелъ, берал кенчIолаго,
ГIолохъанлъунги ячIун,
Гьурщулеб куц нилъее
Къоязул гьайбатлъаби.
НекIого бетIералде
ГIазу бан букIаниги,
Гьелъул рекIелъ ратула
РикIун гIисинал лъалкIал,
Лъималаз нахъа тарал
ГIумрудул сухъмахъазул.
Гьелъ бицуна тIоцере
Нилълъ унтарал къояца,
Киниялда къвалги бан,
Къварилъараб куцалъул.
Гьелъ бицуна тIоцере
Нилълъ кин кIалъаларали,
Нилълъеца щиб къоялда
Гали бахъарабали.
Эбелалъул рекIеда
КIочонаро щибниги,
Щивасул анкет буго
МухIканго гьениб цIунун.
Эбелалъ гьел регула
БачIунеб щибаб къоялъ,
Нилъер арал къоязул
Къисматал хъварал тIахьал.
Амма гIадамазе гьеб
Рагьун цIалулеб мехалъ
Эбелалъ гьоркьор тола
Нилъер ккарал гъалатIал.
ТIокIлъаби ва гьунарал
ПонцIозарун рицуна.
Гьеб – улбузул гIатIилъи,
ГIунгутIаби рахчулеб,
ЛъикIлъаби рагьун лъолеб.



# Хирияя лъимал!

Нужеда лъалищ нужер бищун лъикIав гьудул щивали? Бищун лъикIав гьудул вуго – журнал «Лачен». Гьелъ нужее рицуна берци-берцинал маргьаби, гьел маргьабаз нуж рачуна гIажаибаб маргьабазул дуниялалде тира-сверизе. Нужеда гьенир данде чIвала гIажаибал лъугьа-бахъинал, батIи-батIиял бахIарзал, нужеда рихьула гьезул гьунарал, гьез гIадамазе гьабулеб кумек. Нужееги бокьила гьезда релълъине.

Нуж журналалъ рачина батIи-батIиял пачалихъазде, рокъор гIодорги рукIун, журнал цIалулаго, нужеда бихьила гьенир ругел гIадамазул гIумру, гьенир ругел берцинал шагьарал, рихьила гьенир ругел мугIрул. Нужеда лъала батIи-батIиял гIоразда, ралъадазда, хIоразда цIарал... Гьел ралъадалъ, хIорахъ ругел ччугIбузул гIумру, гьезул рохьазда ругел гIалхул хIайваназул гIумру.

Гьединаб гIемераб жо лъималазе бицунеб журналалъ, лъалищ нужеда лъимал, кIикъого сон бана. Гьеб журналалъ нужер эбел-инсуеги, кIудиял яцал-вацазеги бицана гIемераб жо. Гьеб журнал, лъимал, нужее сайигъат гьабуна нилъер КIудияв поэт Расул ХIамзатовас. Гьеб журналалда кучIдул, харбал рахъана бищунго лъикIал хъвадарухъабазул – ЦIадаса ХIамзатил, МахIамад ГIабасовасул, ХIасан ХIабибовасул, МухIамад АхIмадовасул ва гь.ц.

«Лачен» журналалдасан лъималазда лъана цо гIажаибаб ралъдал рухIчIаголъи – Дельфиналъул хIакъалъулъ. Гьелъулги цо васасулги ккараб гьудуллъиялъул. Васас гьеб кидаго кваназабулеб букIун буго, гьелъилан абуни гьев вас жиндаго тIадги рекIинавун, чIинкIиллъиялдасан школалде вачунев вукIун вуго.

Нужеда лъалищ, лъимал, гIадамаздасаги лъикI жидеего гьабураб кумекалъухъ хIайваназ, дельфиназ баркала кьолеблъи жидецаго гьабураб лъикIлъиялдалъун. Гьел дельфиназ чанги гьанкъулев чи хвасар гьавун рагIула кумекалъеги рачIун. Гьел цIодоралльун рикIкIунел ралъдал рухIчIаголъабазул жидерго мацIгицини рагIула. Гьел цоцада сигналаздалъун гаргадулел рагIула.

Цониги дельфин ралъдалъ унтани, гьез гьеб киналго дандеги ракIарун хвасар гьабулеб рагIула. Тункун-тункун гьез гьеб ралъдал рагIалде щвезабулила, цинги гьениб цIияб гьава цIцIураб мехалъ, гьеб хвалдаса хвасарлъулила.

Гьединал къиссаби нужеда лъала «Лачен» журнал цIалараб мехалъ. Нужеца нужеего бокьараб жо хъвазе бегьула, журналалде кьезе бегьула нужее лъазе бокьараб жоялъул суал. Хъвазе бегьула нижехъе кагътал, нижер адрес букIуна журналалда. Нижеца гьел рахъила ва нужер суалазе жавабал кьела.

Лъимал, нижеца 40 соналъ цIакъ гIемерал кепал харбал, маргьаби рицана нужее рохьил хIайваназул, хIанчIазул, рукъалъул хIайваназул хIакъалъулъ. Гьанжеги нужее бицине гIемераб жо буго нижер. Нужеца гьудуллъун «Лачен» журнал ккуни, гьеб кинабго нужеда лъазе буго. Журнал цIалун ругьунлъани, нуж тIахьал цIализеги ругьунлъула, нужеда гIемераб жо лъала. КIочон тоге бищун лъикIав гьудул журналги лъикIаб тIехьги букIунеблъи цIалдани нужер бахIарчиял, адаб бугел, гурхIел-цIоб бугел цIодорал гIадамал лъугьунеблъи. Нилъер Дагъистаналъул цIар рагIарав поэт ЦIадаса ХIамзатица хъвана:

*Лъимал, гьудуллъун ккве*
*Квер гIатIидаб тIехь,*
*Кидал бокьаниги*
*Дуй пайда кьолеб.*
*Гьалмагълъун те дуца*
*Литература*
*Мун хисарданиги,*
*Дуй хисулареб.*

Дица лъимал нужеда баркулеб буго нужер журналалъул «Юбилей»! Киналго лъималазе гьарулеб буго сахлъи. Цоцо дицаги хъвала нужее кучIдулги харбалги.

Вореха цIаличIого тоге.

Залму Баширова

# Чуязул цвел

Нижеца рагъда хадусел соназ гIумру гьабулеб букIана хъутаналда. Нижер колхозалъул аслияб магIишат букIана гьениб: чуялги, гIиялги, гIачиги. Дир эмен вукIана хIалтIулев чуязул фермаялъул заведующийллъун. Чуязул фермаялда аскIоб букIана гIачиязул фермаги. Фермаялдаса рахь шагьаралде баччулаан чол гьакида чIахIиял рахьдал цIурал бидоналги лъун. Гьеб баччулаан Гъази-дацица. Гьесие чуял цIакъ рокьулаан, гьезда гьес киданиги цIал кIутIулароан. Рахьги щвезабун вуссараб мехалъ, гьел кваназарулаан, гьезие тимар гьабулаан. Гъази-дацица абулаан гьедин тIалаб гьабичIони, гьел херал чуязул тату хехго хвезе бегьулилан, чуялги гIадамалго гIадин, херлъулин ва унтулин. Дида бихьана цо къоялъ Гъази-дацица гуреб цоги батIияв чияс, цIахIилал чуялги раraб фургоналда лъун, колхозалъул рахь шагьаралде босун унеб. Дун Гъази-дацида аскIове вилълъана. Гьев вугоан жиндирго фургоналда сверун лъугьун.

– Ассаламу гIалайкум, Гъази-даци!

– ВагIалайкум салам!

– Жакъа мун щай инчIев шагьаралде рахь босун? Дида батIияв чи унев вихьана.

– Цояб чу нолъ хвана, дадал, кинха инев дун рахь босун? Дица, гьудуб гохIда нахъа ракьги бухъун, букъун тана гьеб пакъир ракьулъ. Дун хехго цогидаб чу бугеб бокьове векерана. Дида бихьана чуялъул пашманал беразулъан магIил гарал гирун унел. Гьеб бихьараб мехалъ дунгоги гIодана. Дица чуялда къвал бана, гьелда тIад кверал рахъана, амма чу багъарулеб букIинчIо. Дун векерана цо бахараб хер бугеб бакIалде. Дица къвал цIун гьеб бетIана, цинги херги босун чуялда аскIове щвана. Чуялъ цебе бараб харде кIал бегьичIо. Гирулебго гирулеб бадиса магIуги бугоан. Дица гIодосаги босун квер цIураб хер чуялда цебе ккуна. Гьелъ махI сунтIана, гьелъул далун бачIараб тIасияб кветI тIуркIана, цо пунхана, амма хер кваначIо. Дун цIакъ пашманго рокъове ана, эбелалъе бицана, бицунаго чвахулеб магIу дида чIезабизе кIолеб букIинчIо. Эбелалъ дие ракI-макI гьабуна, камураб чуялда гьелъул ракI гурхIана. Цо дагьал къоял гьоркьор индал, гьелъул пашманлъи бигьалъилин, цIияб хер кванарабго гьелда рухIги щвелин абулеб букIана эбелалъ.

Амма иш батIайиса ккана. Чанго къоялдасан кIиабилеб чуги хвана. Гъази-дацица бицана гьалмагъ хваралдаса гьелъ кIалдибе я лъим босичIилан, я харде кIал бегьичIилан. Дун рокъовеги ун гIодана. Дида бичIчIана, чуял гIадал цIодорал хIайваназулги гьудуллъи букIунеблъи, гьездаги рокьизе лъалеблъи. Гьедин цоцазе хириял хIайваназул цояб хвани, цогиябги хвезе бегьулеблъи.



ХIажи Гъазимирзаев

# Бице, лъалеб батани?



Гъине байбихьана рохьил тIамахалъ,
ТIогьиллъи рехана харибакIазде.
Роол мучIдуздаса гIиял гочана,
ГIазул тIаргъал лъезе тIогьал лъугьана.

ТIину бихьуларел хIорал гвангъана,
ХIабургъарал лъарал тIокIкIун чвахана.
Сакалгун рагъулел ссогIал гIоразул
ГIанситIа кIанцIулел мохъал хутIана.

КьагIрил ххух лъугьана, ххохол куй гIуна,
Фермабазда харил гIархъал рорхана.
ХIорахъ, лъарахъ чвердей лъималаз тана,
Школалда цIурмил гьаракь бахъана.

ЛъагIалил рорцадул ункъил цо бутIа
БатIа бахъе, лъимал, лъалеб батани?



# Лъалищ, лъимал?

Маргъал гIадаб кIургIараб,
КIибикьараб малъалъул,
Гъоркьацабзаз ххер тIолеб,
ТIасиял рижулареб.
Эбелалда хахдолеб,
Ххарилги тIагIам лъалеб,
ЛъагIалиде ххух гIолеб,
Хадуб куйилан толеб.
Тамахаб квас къунцIулеб,
Квасул партал гьарулеб,
Гьанал тIагIам рекъараб,
ТIогърой тахта берцинаб –
Лъалищ, лъимал, нужеда
Гьеб жоялда цIар лъезе?

ГIабдулмажид Хачалов

# Бальголъи

хабар

Нижер хъизан кIудияб гьечIо. Кету малъичIого ункъо чи вуго: эбел, эмен, кIодо, дунгиха. Эмен дида дагь гурони вихьуларо – дов риидал магIардаги хасало гъутабаздаги гIи хьихьун вукIуна. Росулъ киназго инсуда кIудияв вехьан абула. Амма дов гьедигIан кIудияв гьечIо, эбелалдаса цохIо рокьоялъ ворхатав вуго.

Эбелги дида радалги маркIачIудаги гурони йихьуларо – дой колхозалда бахгалтерлъун хIалтIулей йиго. Рокъое ячIараб мехалъ долъ, свакан диеги гьимун, тукадаса росарал конфетал дир гурдил кисинир ругIула. Амма гьел, цо-кIиго тIасаги кун, дица нахъе лъола. Нижер мадугьалихъ йиго ПатIи абулей яс. Долъулги эмен вехьлъун вуго.

Дица конфетал кьурабщинахъе ПатIи йохула. Долъул рохел диеги бокьула. Ниж кидаго цадахъ расандула. Амма ПатIида дир махсараби хехго рихуна.

Гьанже ПатIи дунгун барщун йиго. Дир конфетаз инсул бухаритIагъурги цIолеб буго. Рекъарабго цо течIого ПатIие кьела. Дие конфетал щай? Дун ясищ...

Щаяли лъаларо, киназдасаго дие кIодо йокьула. ПатIилги кIодо йиго. Амма долъулай цIакъ хIеренай йиго. Къасиги къадги ПатIида сверун лъугьун гьимгьидилей йикIуна. Щиб гьелъ гьараниги, инкарги тун, тIубазеги гIедегIула.

Дир кIодо гьединай гьечIо. Радал вахъине дун кIвахIаллъани, гъоркьахIатIазда гъецI кьабула. ХIатIил килищ гIодоб чIван вачIани, гIодове валагьичIогоян семула. Цоники тохлъиялдаса тIаса лъугьунаро. Рахь ялъуни чай гIодобе тIуни, гIин кьурула. Васандилаго тохлъукье ретIел бихьани, бетIер чIвала. Цо нухалъ къадкида гамачI речIчIунилан, гIансацин бан бачIана.

Амма кIодода дир ццин бахъунаро. Долъ щибниги малъилародаян, ургъунго аскIовецин вачIуна.

Цо нухалъ, магIирокъое кIодоги ун хутIарав дун, щиб хIажалъунали, долъул гъансиниве ваккана. Гьеб къоялъ гурони, гьикъичIого дун кивениги ваккулароан. МухIканго сокIкIараб батIи-батIиб къайи-къоноялда гъоркь дида чIартилъ жемараб къвакIараб жо батана. Канлъуде гордахъе босун балагьидал, дун тамашалъана: дир хъатиниб кенчIана Рагъулаб БагIараб Байрахъалъул орден!

ПатIи барщун йикIинги кIочон, орденги къатикь къан, дун долъул гъове векерана. ГьанжелъагIан дидаса бахчараб бальголъиги дие гьениб тIатана: эдинги дир кIодо кIудияб бахIарчилъи гьабурай гIадан йикIун йиго. НекIо за-



маналда, Совет ХIукумат гIуцIизе нилъер чагIи хъахIазде данде рагъулеб мехалъ, гIолохъанай партизанлъун йикIарай дир кIодоца, гIадалъ жоги бан, тушманасухъа пулемет бахъун буго. Жинцаго гьебги речIчIизабун, гIемерал тушбабиги регаралъур хутIизарун руго.

КигIан недегьай гьечIониги, гьединай кIодо йокьичIого чIезе лъида кIвелеб?

Гьаб хабар дие бицана диралда аскIоб бугеб больницаялъул койкаялда тохлъукье гьорчо щун бекараб бох сахлъизабизе вегарав гьитIинав вас СагIидбегица.

Хабаралда ниж рукIаго, мугъалда хъахIаб халгIатги чIван, жание ячIана логода йорхатай херай гIадан. Гьелда хаду-хадуй гьитIинай цо ясги йигоан.

ГьикъичIониги, дида гьел щалали лъана.

ГӀабасил МахӀамад

# Чанил бурутӀги бацӀил тӀинчӀги



БукӀана чанил бурутӀ
Чанги гӀадра кванараб:
БукӀана чанил бурутӀ
Чанги иццда кӀал чӀвараб.

ЦӀунтӀадерил кӀкӀалахъан
КӀанцӀизе ругьунлъараб,
Лъебелазул рохьосан
Хьвадизе гьунар гӀураб.

Эб нилъер чанил бурутӀ
ЧанцӀулха басандараб!
Эб пакъир чанил бурутӀ
ЧанцӀулха ээдараб.

Эбелалда хадуб гьеб
Гьури гӀадин унаан,
Унеб цӀум хьутӀани гьеб
Хьапалъе кӀанцӀулаан.

Кьурул гӀусдеги бахун
ГӀодобе къулулаан,
Цо-цо рутӀбиги рорхун
Бохун балагьулаан.

БацӀил тӀинчӀги букӀана
Цо нохъода гьабураб,
БацӀил тӀинчӀги букӀана
Беразда цӀа бакараб.

Хуч-хучараб расалъул,
НусалгӀадал гажазул,
Бидул цӀураб кӀалалъул,
ЗазалгӀадал малъазул.

ГьелъчангигӀанкӀичӀанчӀил
ГӀундул рукъун рукӀана,
Эбелалъ чӀвараб бачил
Чехь хачан лъун букӀана.

РакІалдаго гьечІого
Гьалда хъваши рагІана,
ГІемер балагьичІого
Гьалда бурутІ бихьана.

БурутІ буго бакълъуда
КъуцІиялда кваналеб,
БацІил тІинчІги чахьалда
Хъурщун буго бачІунеб.

БуртІил цІодорал гІундул
ГІажаибго гъуцІана,
БуртІил цІодорал берал
ЦІаруцІун ралагьана.

ГІодун гьаракьги гьабун,
БурутІ тІурулеб буго.
ГьакІкІан бихъараб кІалгун
Хъумур хадуб цун буго.

Цо лахІзаталъ лъалхъани
Лълъамила буртІил бетІер,
Нагагь свакван хутІани
Хъарсила элъул бетІер.

Гьорчолъун чанил бурутІ
Парсахъе кІанцІун ана,
Хадуб лъураб бацІил хІетІ
ТІаса гьоркье борчІана.

КІанцІун араб чанил тІинчІ
Чармил кьурабалъ чІчІана.
Бортун араб бацІил тІинчІ
БетІерги бекун хвана.

## Нижер цил тІинчІ

Гъалгъаларараб рохьалъан
Хьвадулеб ци букІана,
Ригърригъарал гъулдулъан
Гъулгъулеб ци букІана.

Хаселалъ рукІниб жаниб
Кьижун бахчулаан гьеб,
Рииялъ гьени-гьаниб
Чабхъад бахъунаан гьеб.

Пихъил гъотІокье ккани
Гьебги кваналаан гьелъ.
Гьалил хуриб борчІани
Гьебги гьанщулаан гьелъ.

Цо-цо ручнибе бачІун,
Чахъу бачун унаан,
ЦІакъго тІасанги борчІун
ГІака чІван батулаан.

Гьеб залимаб циялъул
Цо-кІиго тІинчІ букІана
Гьезда гъорлъа цоялъул
Цо кІичІалъ габур ккуна.

Чанахъанас гьежда чІван,
Гьеб росулъе бачана,
БечІчІун гІакдал рахьги кьун,
КьегІер гІадин хьихьана.

Малъараб жо босана,
Сурараб гІамал тана,
ГІадамалълъ недегьлъана,
Лъиего хиралъана.

Таращ кинигин хадуб
Бекерун бачІунаан,
КатитІинчІ гІадин гІодоб
Бегун гиргидулаан.

КІиябго квачІги борхун
Кепалъе кьурдулаан,
Габур кІечІезе гьабун,
Релъизе гьарулаан.

Таращгун басандани
Эб ахІдезабулаан,
Жинда бече багъани
Бахъун лъутун унаан.

ГьабсагІатги нижер гьелъ
ЦІакъ ракІ гьезе гьабула,
Кумек хІажалъани гьелъ
Лъел ведроги баччула.

Муса Мухамадов

# Алмас

ХАБАР



МагIардаса гIиял гьвеги хадуб гьабун, вачIана Камилил эмен.

– Гьаб «Алмас» буго нижер божараб гьудул, – ан абуна гьес гьвел ботIрода кверги бахъун. – Гьаб лъикI хьихье, Камил, дуца. Вореха, цосина багъизабизе гурин.

Камилиде хехго ругьунлъана «Алмас». Гьебги бачун Камил цо анкь базе кIодода аскIове росдадаса рикIкIадаб лъарал рагIалда бугеб цо расалъуде, гIанкIуязул фермаялде ана.

– «Алмас» бачинчIебаниха, Камил, дуца колотIе, – ян абуна кIодоца. – Цо-цо гьабзазул, гIанкIуял чIвалеб гIадатги букIунелъулха.

– «Алмасалъул» гьединаб гIамал гьечIоха, кIодо, – ян гьве беццизе лъугьана гьав.

Къаси Камил вегана гIанкIуязул бокьалде тIаде балагьараб гьоров, бакъвараб чIаралда тIад. Гьесул бусада цебехунги билълъун, «Алмасги» бегана.

Радал Камил хеккого вахъана. Сверун хьуриги хьухьун къачIараб азбар цIун букIана батIи-батIиял кьеразул гIанкIуязгун хIелказ. Цоцазда цере кIанцIун, гIисинаб къуркъуриялда, цIулал хIарччазда жаниса буцараб гIатI кваналеб букIана гьез. Хучараб хIулиялъул габурги цебехун цIутIизабун цо тIинчIаб хIелеко гун-гуниялда данде балагьун бугеб кIудияб черхалъул хъахIаб хIелекогун багъун чIоларого бугоан. ТIинчIаб хIелекоялъул санги гьабичIого, «кIодоч» азбаралде лъураб чIемгIаялда тIадеги бахун «иу-иу», – ян гIегIедун биччачн тана.

– Бахарабин гьанже «мукъурберцин» борхалъуде, – ян абуна кIодоца.

– ГӀалахалде рахъине мех щваниланха, Камил, долъ лъазабулеб бугеб.

КӀодол щибаб гӀанкӀу-хӀелекоялда абулел жиндирго цӀарал рукӀана. Гьей цо-цо гӀанкӀуялде семулаан, заманго щвелалде къурущлъунилан. Цо-цо гӀанкӀу гьелъ, лъимер гӀадин, беэдулаан, цӀикӀкӀун ханал гьаруралъухъ. «Гуруш-гуруш» абун ахӀтӀолаго гьей цее лъугьараб мехалъ, гӀанкӀуял рехьед гьабун гьелда хадур гочун унаан. «ГӀанкӀуязда кӀодол мацӀ бичӀчӀулеб куцан» валагьун хутӀулаан Камил.

Гьедин Камилицаги «Алмасалъги» фермаялда анкьгӀанасеб заман бана. Цо къоялда Камил гьойгун васандулев вукӀана, тохлъукьего росулъехун унеб нухдасан кӀодол ахӀи-хӀур бахъана. ГӀодоб лъун ханазул цӀураб чӀегьгун гьей, ганчӀазда цееги ун, цо щибалиго балагьулей йигоан.

– Дица абуна дуда, гьве гьанибе бачунгеян. Дида лъан букӀана гьелъ лъикӀаб гьабунгутӀи. Гьале куй гӀанасеб гӀанкӀуги кьагӀрал гӀадал кӀиго тӀинчӀги чӀван буго, – ян ахӀдана гьей.

«Долъ бахъинабураб ахӀи щиб? Дун цӀогьорилан гурищ долъ абураб? Унго, гьеб бугьтан лъеэедай дун додигӀан лъикӀал гӀухьбиги гӀиял къайиги тун гьаб чӀунтараб расалъуде бачӀараб? МагӀарда гӀияда аскӀоб дир букӀараб къадру. Гьай къуларай хералъ диде бараб рогьо», – абун абулеб гӀадин, ццидахун, цин цебе, цин гьанибе балагьун, гьвеги рахӀатхун лъугьана.

Камилги щиб гьабилебали лъаларого хутӀана. «Цосина...» абураб пикруги бачӀун, бокьалъул кӀалтӀа бугеб хӀарщ багъарараб бакӀалде валагьахъдизеги лъугьана. Гьениб бугеб лъалкӀги борцун, гьеб гьойдул лъалкӀалда дандецин ккуна. «Гьалеха гьаб кӀиябго батӀибатӀияб лъалкӀ буго» – ян разилъана Камил. Киналиго ракӀалде кӀанцӀун бачӀана гьоркьиса росутӀарада бугеб вацгӀаласул бокьобеги кӀанцӀун цараца гӀанкӀуял гъанкъун ратараб куц. «Гьабги царал хӀалтӀи батизе буго!» – ян хӀукму къотӀана гьес.

Камилица къасд гьабуна сардил гъачагъ кквезе. Амма киндайха гьеб сихӀир кквела? – Гьав гӀемерав ургъана. «Гьагьа, дица гудраца кквела гъачагъ» – ан абуна гьес «Алмасалдехунги» вуссун. Гьелъ абуни бетӀер тӀаде борхичӀо, цого бакӀалде балагьун чӀун пикрабазда бугоан...

Нахъисеб къоялъ, хъахӀлъи барабго вахъун росулъа гудурги босун колоде вуссарав Камилица, бокьалда цебе гьитӀинабго гвендги бухъун, гудур гъуна.

Расалъуда тӀад сардица куркьбал ригъана. Квана-гъанан хадуй кӀодоги кьижана. Добго гьоров чӀарада тӀад гъапуллъулев вукӀарав Камил цо чӀичӀи, лелеялъ ворчӀизавуна. Вортана бокьалъул кӀалтӀе – къикун гудурги буго дунялалдагӀаги церги гьечӀо. Цинги рагӀана цо гъулгъулиги чӀичӀиги. ГенугъотӀокьан гӀадин бугоан гьеб. Вортана дове.

– Вай, къасиги гьойца дир гӀанкӀуялищ чӀварал? ЧӀаха, дица бетӀер чӀинтӀилин гьелъул! – абун ахӀдолей рагӀана кӀодо.

Бакун кангун гьей азбар сверулей йигоан. «Алмасалъ» кӀалдиб ккун бехъерхъун бачӀунеб царахъги ялагьун, гьакӀкӀан хутӀана гьей.

– Унго, гьаб царацайищха дун цӀогьод гьаюлей йикӀарай? Гьай пакъир «Алмас», дун дуда щаклъун йикӀана. ТӀасалъугьа! – ян абуна гьелъ.

Гьойца гъулгъулаго «ТӀасалъугьинчӀого щибха дуда гьабилебан» абулеб гӀадин, рухӀ лъугӀараб цер цо бокӀниде рехана.

– Дица абуна гурищ, кӀодо, «Алмас» лъикӀаб гьве бугилан! – абуна Камилица.

# Бацlги бартиги

**Тажудин Таймасханов**

*(Къокъ гьабураб)*

I.

Цо рохьил рацlцlалъуда
Роцlцlараб бакъул къоялъ
Беричаб цо гlалаялъ
Багlараб тай гьабуна.
Нодо бакьулъ хъахlаб цlва,
Хъахlал гlисинал бохдул –
Гьеб букlана бахъараб
Сураталда релълъараб.
Гьелъ тlогьол махl сунтlана,
Иццул лъеда кlал чlвана,
Чlалгlиндал гlурччинххарда
Хинаб бакъукь бегана.
Рохьил рацlцlалъудасан
Цигьабураб гьелъул махl,
Гьороца хъамун бачlун,
Хъантlараб бацlалъ ккуна.
Гьеб чанабе бахъана,
Чахьалда хъурщун ана.
Хъархъалги рикьизарун,
Рокьи ккун балагьана.
Гьабун лъураб квен гlадин,
Керчаб ххарда гъорлълъ бегун,
Балагьани бер кколеб
Берцинаб цо тай буго.
Бацlил кlалдиб лълъим ккана,
Лъикlго хlацlцlу къулчlана...
Хlурул чlчlваги хадуб тун,
Цо херав чапар вуго
Чода рекlун вачlунев.
Гъажалда туманкl буго –
Тушман буго гьеб бацlил,
Рачлихъ бан харжар буго,
Хвезе гьалъий бокьичlо:
«Кlваричlо, гьабнухалда
Нахъбуссина чlобого,



Жеги эбелалъул рахь
Рекlун гьечlо тlанчlида.
Гьанже дие тайдул гьан
Цохlо ригьалъе гlела,
Дагьаб кlудияб гlедал
Кlиго ригьалъе гlела...»



2.

Бакъги къоги инегIан
Бакъун свердизе ккедал,
Добго рохьил рацIцIалъи
БацIида цебе чIчIана....
РахьрекIараб тай буго
Тириго басандулеб,
Тамаша-гIажаиблъи,
ГIун бугеб куц кIудияб!..
Довго илхъичи вуго
Чуги рекIун вачIунев,
Чанадаса къосараб
Къварилъана гьанже бацI:
«КIваричIо, гьабнухалъги
Нахъбуссина чIобого.
Гьанже дие тайдул гьан
КIиго ригьалъе гIела,
Дагьабги кIудаб гIедал
Лъабго ригьалъе гIела...»

3.

Бакъги къоги инегIан
Бакъун свердизе ккедал,
Добго рохьил рацIцIалъи
БацIида цебе чIчIана.
Гьеб чанабе бахъана,
Чахьалда хъурщун ана,
Хъархъалги рикьизарун
Рокьи ккун балагьана.
Доб таялъул бакIалда
Барти буго хIихIилеб,
Гьелъул гьаракь кьурабалълъ
Гьури гIадин багъула...
Гьеб квачIида бахъана,
Бухъардизе жубана,
ХIихIидула, дуниял
Гьаргьаданилан ккола,
БацIида сира бана,
Санал данде рукIкIана:
«Гьалъ бараб цо мал щвани,
Щущан ина дир лугбал.
Гьай, аман, гIолохъанаб
Заман нахъбуссунареб,
Цебе букIараб къуват
Гьал дир лугбазулълъ гьечIеб».
Кьурун буссун бартуца
БацIиде мугъ реххана,
КIичIизабун бетIергун
БитIун ишан босана...
Гьеб параялда бацIил
Бадиса цIа пирхана,
Нодобакьулълъ малги щун,
Кьурдасан рехун ана...
Гьелдаса нахъе айгъир
Илхъи цIунун бугила,
Авлахъалда боцIуе
БацIил хIинкъи гьечIила.

## МухІамад ГІабдулхІалимов

# КатитІинчІ

### Хабар



МахсутІида чІалгІана катитІинчІгун васандун.

Гьев диваналда тІадги вегун, катитІанчІица хъарсарал кверазухъ валагьизе лъугьана.

Сонги эбел семана «ахирги гьел кверал роцІцІол цІечІого чІезехъин гьечІин мунилан». Гьебни щиб, би баккараб бакІалда эбелалъ йод бахунелъул МахсутІица кечІ ахІулеб букІана.

Кумек гьарун, магІил цІун бералгун, инсухъ валагьигун, гьесги абуна:

– Гьеб бакъан хисизабизе бегьуларебищ? ЛъугІелго гьечІеб цого кечІищ букІунеб? – абун.

Квераздаса жеги ун букІинчІо йодалъул сурмияб кьерги малъазда тІад чанхъ къарал мухъалги.

– ГІадада гурелъулха дие гьеб рокъоб тезего бокьун букІинчІеб, – ан абуна заманалдасан эбелалъ. – Дуца тезабуна...

Эбелалъ гьедин инсуда бадибчІвай гьабуна. КатитІинчІги бачун МахсутІ вачІингун, «воре, воре, гьеб батаралъубе щвезабе! КъваригІун гьечІо дие гьеб чІвердезе, гьелъул хІажатхана бахъизе регІун гьечІо дун», – ан ахІдана гьей.

– Гьанибе баче, – ян абуна инсуца МахсутІида. – Берцинаб жо бихьула. ХІакъ букІинарищ къватІибе къотІани. КисагІаги дуе гьаб щвараб?

– Бихьинабищ гьеб, цІуябищ? – ан гьикъана эбелалъ кигІан инсуца беццаниги, катитІанчІихъги ялагьичІого. Гьелъие кидаго рекІее гІоларо кутул. Гьел цІогьодулила, щибгІаги цебе жо тезе бегьуларила, чорокал рукІунила, цІарагІ чІикІун батулилан йикІуна гьей.

Дуца чорокго течІони, чІикІуларила, бацІцІад гьабуралъухъ баркала кьезе кколила катиеян абуна инсуца. Гьанжеги катитІинчІ рокъоб телароан эбелалъ, инсуца цІунун гуребани.

– ЦІуябищ, бихьинабищали щиб лъалеб, аб жеги гьитІинго буго, – ян абуна инсуца.

– ГІабдал! – ян ахІана рокъоса къватІие унаго эбелалъ. Гьелда хабарги къокълъана.

Кверазда ругел цІиял бидумохъазухъги валагьун, МахсутІида цебе чІана эбелалъ йод бахунеб мехалъ кверал ссудулел рукІараб куц. Гьесда ургъел ккана.

«Щибдай гьабун лъикІ?!» – ан пикру гьабуна гьес. Гьесул хъахІилал гІисинал беразулъе пашманлъи реххана.

Эбелалъ катитІинчІ къватІибе къотІиялда хІинкъи букІана. КатитІинчІ гьесдеги гьев гьелдеги ругьунлъун рукІана. Рокъобе гьеб бачаралдаса лъабго къо гурони инчІониги, инсуеги рекІее гІун букІана гьеб. Гьеб басандулеб куцалъухъ ялагьун цо-цо мехалда эбелгицин елъанхъулаан.

КатитІинчІ гьеб рокъоб гьезего гьечІебгІанги кІвар кьоларев чи вукІана гІицІго МахсутІил кІудияв вац. Инсти-

туталда цІалулев вукІиналъ ватилаха цІакъ къадруялда ва чІухІизеги гьавун, вукІана гьев. КатитІинчІ гьес хІалищха! Сон гьев хъвадарулеб мехалда, столалда тІадеги кІанцІун, гьесул квералда хурхун букІана гьеб. МахсутІие цІакъго кеп щвана ва кІарун велъанхъана гьеб мехалда.

Амма катитІинчІ жиндирго тохаб ишалдаса кигІан дагьабги боххичІо. Вацас гьеб хьвагІараб квералъ рукъбакьулълъ речІчІизабуна.

МахсутІ гьелъухъе вортана. Гьебин абуни, ракІхун, дализе рачІги биччан, рукІкІинарун гІундулгун, диваналда гъоркье кІкІуржун ана.



МахсутIица кигIан ахIаниги аскIобеги бачIинчIо.

МахсутIица килищ мацIалда хъвана, хIацIцIул цIезабуна ва катитIанчIица хъат бараб бакIалда бахана.

Гьеб пиша гьесие квер ссудулеб букIаниги рекIее гIуна. Циндаго чанхъги бортун квералдаса би бачIине лъугьана. Вас эбел ячIиналдаса хIинкъун вукIана, гьелда кверал рихьани, гьей нахъеги семизе бегьулелъулха ва йод бахинеги бегьулелъулха.

Квер лъикIаланго гьорона. Гьебги лъачIо гьесда. Квер ссудизе гуребги лъикIаланго унтизеги лъугьана – МахсутIица яхIбахъун би бацIцIунеб букIана.

Жий хехго ячIине йигилан вацасда аскIов МахсутIги тун ана эбел. Гьей ячIиналдего жив гьабсагIаталда вачIинилан вацги ана. Цинги катитIинчIгун васандичIого кинха чIелев, жибго гьеб лъугьиндалха гьесул хIатIикилщалгун басандизе. Заманалдасан МахсутIил берал данде ана. МахсутIида макьу бихьана:

Рокъов векерулев вуго гьев. Хадуб гъолеб катитIинчIги буго. Гьеб махIабазда хурхунеб, хIанчIолеб буго. Гьесие цIакъ кеп щолеб буго гьелдаса. Ахирги гьев гIодов ккола. ГIемер велъанхъиялъ гIицIго хIатIал хьвагIезаризе гурони хIал гIолеб букIинчIо. ЦинтIаго, гьаракьги гьабун, катитIанчIица гьесул хIатIида квешго хIанчIана. Гьес хIетIе кIвараб хIалалъ хьвагIана. КатитIинчI гьаваялде рехун ана. ГIодобе бортидал лъутун ана. Хадув вортулев гьевги вукIана. Гьеб цебе батараб бицатаб трубаялда жанибе лъугьана. Добаб рахъалъ къватIибе бачIана мадугьаласулалдасаги кIудияб магъулкету.

Нахъе кIичIизарун гIундулгун, гIебеде битIун хъандаяб рачIгун, чIахIиял бегIерал гажалги жиризарун, гьесда цебе чIана гьеб.

– Мя-я-у! – ян абуна гьелъ ццидалго тIад речIчIизе хIадурлъун. – ГьабсагIат дица мун хъамизе вуго. Мя-я-у!

– Щай? Щай? – ан абуна гьес ракI гурхIилеб хIалалъ хIеренго. Гьев нахъенахъе къана. Щай? Дир катитIинчIги дуцайищ квараб?

– Мя-я-у! – ян абуна катица тIаде бачIунаго.

Гьурмада квералги чIван, гьаркьал гьаруна МахсутIица.

ВорчIигун гIажаиблъун хутIана гьев, гIодовги чIун, гьаругьинан гIодизе лъугьана. Гьесда кIочон тана катитIинчIги, гьелъ хъарсарал жиндирго квералги, чIегIераб кетуги...

Рокъов живго ватидал лъугьана гьев ракIбакъан. РакIхвана живги рехунтун арав вацасдаги эбелалдаги. ГьабсагIат рачIинин абуна гьез – рачIинчIо.

ЦинтIаго кIанцIун бачIана катитIинчI диваналде.

– Мя-я-у! – ян абуна гьелъ жиндирго гьитIинаб багIараб кIалги гьакIкIан. – Дун дуда кIочонищ тараб? Гъур, гъур, гъур...

КатитIинчI гьесул хIатIазде бахана.

МахсутIил гIоди къотIана. Гьес, катитIинчI хехго кIиябго кверальги ккун, каранде къана.

Бакъараб ва гьудуласухъ чIалгIараб гьеб гьесда чIикIардизе лъугьана.

МахсутI нахъеги, каранде къан катитIинчIгун, вегана.

Гьесие лъикI букIана хинаб, хIеренаб гьудулгун, гьелъул маргьудухъги гIенеккун кьижизе.



Шагьрудин МухIамадов

# Чанил бурутI

Инсул гьудулас дие
Чанил бурутI кьун буго,
Резиналъул моцIу кьун,
Дица гьеб хьихьун буго.

ТIолаго росдал лъимал
Дида рухIдаллъун руго,
Цонигиясул гьечIеб
ГьитIинаб бис бихьидал.

Дир кодосан чаница
Чедги чакарги куна,
Кивехун дун аниги,
Эбги хадуб бортула.

Бекерула, кIанцIола,
Дир ретIел чIам-чIамула,
ЧIухIун квачIидги бахъун,
Багъизецин гьесула.

Гьедин къад аваданаб,
Элъ къаси кьолеб гIазаб
Рукъалдаги, дидаги,
Эбелалдаги лъала:

Лълъим гIодоб тIун батула,
Тетрадал рихъ-рихъула,
РагI-мач гъур-гъурун бала,
БекичIеб жо толаро.

Чоца мал базе гурин,
Бокьобе гьеб гъоларо.
Бече гIадинан бухьун,
Хьихьизе гьеб бегьилищ?

Рохел балагьлъун ккарав
Дица щибилеб, лъимал?
Лъида лъалеб зоопарк
Кинаб магIарда бугеб?





## Сабигат Мухlамадова

# Вацги яцги

### (маргьа)

Цо рорхатал мугlрулги рукlанила. Гьел мугlрузда цо мискинаб росуги букlанила. Гьеб росулъ цо гьитlинаб рукъги букlанила. Гьеб рокъорги цо бестlаллъун хутlарал вацги яцги рукlанила.

Гьел вацги яцги цоцазе цlакъ хириялги рукlанила. Цоцазул адаб гьабун, цоцазе кумек гьабун, цоцазул малълъараб гьабун, гьуинго рукlунаанила, берцинго гlумру гьабун рукlунаанила гьел.

Яцалъ тlансаби рессулел рукlанила. Тlансаби абизе тlансабийищилаха гьел рукlарал, рахъун цере лъурал суратал рукlанила гьел. Гьелъ гьезда рахъун рукlунаанила сверухъ бугеб тlабигlаталдаса росарал суратал – цоялда рохьила, цоялда ахила, хурила, ссанила, гохlила, щобила, щиб-щибниги хlинчlчl-гъедуйила.

Вацги, гъежде гьел тlансабиги реххун, унев вукlун вуго базаралде гьел ричизе. Бичун щвараб гlарцухъги яцалъ абурал куналги кодоре росизе кlоларел гlамалги росун вуссунаанила вац базаралдаса рокъове. Ракъун чlезеги бегьилищилаха гьел, хинкl-чедалъе ханжу-тlехх босизеги, чурпа-цlаналъе гьан-хlан босизеги кlочонароанила вацасда.

Гьединаб бетlербахъиялда рукlун руго гьел эбел-эмен хун хутlарал лъимал.

Эбел-эмен гьечlеб пашманлъиялдаги рекlел къварилъиялдаги йогониги, цо нухалъ гьей ясалъ гьабун буго батlиябго-батlияб тlанса. Талихlалде кlудияб анищгун, рохелалде хlайранаб урхъигун бессун букlин балагьарабго бихьулеб халича.

Гьеб гlажаибаб халича бичизе унелъул, вацасда гьелъ гьарун буго, гьеб тlанса бечелъизейилан бичизе лъугьунгейила, эбелалъго абулеб букlанила бечелъиялъ чи хвезавулилан. Дуцаги, дир вац, ракlалда цlунейила, цlакъго магlишаталда хадур лъугьин лъикlаб букlунареблъиги, гlарац гlемерлъани гlадлу холеблъиги, гlадан чlухlулевлъиги, чlухlи кlодолъидал гьев кlвахlалъ хlалтlизе толаревлъиги. Гьединлъидал дуца гьаб халичаялъухъ дица абуралдаса цlикlкlун гlарац, кьолеб бугониги, босугейилан гьарун буго.

Базаралда бичизе гьеб цо гъотlол гlаркьелалда барабго, беразда цlа кунчlарав цо гlолохъанчи вахъун халичаялда цеве чlчlанила, «Гьанир ругел гвангъарал анищал рихьулищ, ракl боххиледухъ ралагьун чlчlарал чlагоял тlугьдул рихьулищ, алжаналъуса рачlарал гlадал батlиял хlанчlчlи рихьулищ…» абун гьикъулеб бугила гьес жинцаго жиндаго. «Чваххун унеб ицц унго-унгояб бугин кколеб бугогури! Киндай кlвараб гьадигlан гьайбатго гьаб тlабигlат тlансаялде босизе. Кинай ясгlагидай йиго гьаб гьунаралъул бетlергьан…» абун ургъулев вукlанила гьев гlолохъанчи. Ва гьес жинца босулеб

бугилан, хехгъабун гурейилан, кколеб гІарац абейилан лъазабунила. Васасухъе абуралдасаги цІикІкІун гІарацги кьунила, гьалъухъ гІемер кьуниги хІалалаб бугиланги абунила. Васас гьеб цІикІкІун кьураб гІарац нахъе кьунила, цІикІкІун босани яцалъ гІайиб гьабизе бугиланги абунила. Халичаялда хІикмалъун вукІарав гьев гІолохъанчи гьанже гьав васас абуралда гІажаиблъун хутІанила. Гьесда жеги дандчІван букІинчІила гьадинаб ракІ-ракІалъ гьабураб хІалтІиги хІакъикъаталдаги вацІцІадав васги...

Гьанжесала вац базаралде унелъул яцалъ гьесда абунила:

«Нилъер инсуца абулеб букІана, гІумру – гьеб бугила лъикІлъи гІадамазе гьабулаго арал къоял, цогидаб замана гІадада арал къоял ругин, дуца мискинал гІадамазе кумекалъе квербитІичІого кидаго тогейила.»

Базаралда тІанса бихьизе васас барабго, довго гІолохъанчи вачІанила. Мискинав-пакъирас гІадин, гьес абунила: «Дихъ цІакъ дагьал шагьаби груони, гІарацги гьечІо, гьаб дихъ бугеб гІарцухъ кьезе бегьиларищ дие тІанса, рескъотІун дунги вуго, яц росасе кьезе кколей йиго, гьелъие тІанса кьезеги бокьун буго.» - ян.

Вацасда яцалъул рагІаби ракІалде щванила ва гьеб тІанса учузго кьун танила. Дир яцалъул ракІ гІатІидаб бугин, гьелъ мун гІадал гІадамазе кумек гьабеян абун букІаниланги бицанила.

ХІали-малица гІунила кун-квар босизеги, квен-тІехх босизеги гьанжесалъ гІарац...



ЦIияб халича бессулелъул ясалъ гьелда бахъанила хъирул кьуруги, кьурда цебе бугеб гьитIинаб рукъги, рукъ сверун роржанхъилел ругел хIанчIчIиги.

Гьанже базаралде вац унелъул, гьелъ гьесда абунила: квешлъи лъиениги бецIугейила, бецIичIого гIеларин ккани, Аллагьас гьабегиян абун тейила.

Базаралде гьев щваравго аскIов вахъун чIчIолила довго гIолохъанчи. ЛъикI къачIараб ратIлилълъ вукIиналъищали, васасда гьев лъазецин лъачIила. Гьес халича босизе бугиланги абун, босун чода нахъа гьебги бухьанила, вахун чотIегун, жинца гIарац кьелариланги абун инев вукIанила. Васас, гIодоса босун ботIролълъ речIчIизехъин букIанила кIудияб гамачI. Яцалъ абурал рагIаби ракIалде рачIун, речIчIичIого гIодобе рехханила гьеб. АхIделев васги тун, чода цIцIалги бан, цевеса тIерхьун гьевги анила тIансаги гьоркьоб анила. Я кун босичIого, я квен босичIого васги рокъове нахъвуссанила.

Гьев гIолохъанчи вукIанила кIудияб улкаялъул ханасул цохIо вугев вас. Гьесул рекIее кIудияб асар гьабун букIанила гьел гIажаибал халичабаз. ЦIакъго бокьун букIанила гьеб махщел щварай яс йихьизе. Чан нахулъ базаралде щваниги щибила, тIокIав дов васги ватулев вукIинчIила, ракIкъварилъун гьавги нахъвуссунев вукIанила.

Цо къоялъ, гьевги аскIове ахIун, ханас абунила: «Я, дир вас, дида мун ахираб заманаялъ цIакъ къварид вихьулев вуго, дуе ккараб жогIаги щиб, чIужу-хъизан гьабизе бокьунищ, ячине йокьарай гIадан йихьунищ, щибгIаги дуе лъугьараб?»

Васасги инсуда намуслъаниги, битIун бицанила: «Валлагь, дир эмен, дие йокьун йиго жеги дидаго йихьичIей, йигеб бакIги лъаларей гIадан.»

ВахIилан абунила ханас. ВахI букIунищали бихьизе, валагьейилан, васас ханасда рихьанила росарал халичабиги.

«Гьадинаб берцинаб хIалтIи гьабулей яс жийгоги берцинай ятизе ккола, дуда аскIой гьей йихьизе диеги бокьила, дуцаго ялагье гьей» абун кIалъанила гьанже хан...

Гьеб кьуру цIехолаго, гьеб рукъ балагьулаго, гIемер гIакъуба бихьанила ханасул васасда. Вакъунги къечонги, ахир-акъадги щванила гьеб рукъалда цеве. Рагьараб нуцIихъ эхетидал, гьесда йихьанила маргьудалъа ячIарай гIадай яс. КъунцIа-тIурал куналги цоцада рацIцIун, тIанса бессулей йигоанила гьей. Берцинаб тIанса бугониги, васасда рихьанила балъгояб магIил гарал, цIцIадал къатIрабилъун, халичаялъул сураталде росун...

Дуца гьеб балеб цIадги къатIизе гьабейила, гьениб анкьго батIияб кьер бугеб нурги бахъейилан абунила гьелда гIолилас.

Жиндир анкьго кьер бугел кунал гьечIилан абунила ясалъ.

Жинца рачIун ругин дуе куналиланги абун, ханасул васас гIамазул цIураб къвачIа чIехьанила гьелда цебе. Дуда кисанин лъараб жиндир кунал гьечIолъиийилан гIажаиблъанила яс. Гьесги кинабго ккарабщинаб, цо лапс гьоркьоб течIого бицанила.

Жиндие ячIине бокьиларищилан гьикъанила гьес ясалда. Кинаб ракIалъул чи мун вугевали жинда бичIчIанилан абунила ясалъ. Амма, жий дуе ячIине ккани, кинаб гьунармахщелалъул чи вугевалиги жинда лъазе кколилан чIчIанила яс.

ЙихьичIого мун йокьизе кIварав, тIансаялде балагьун мун ятизе лъарав чиясул бажариялдаги мун щаклъизе бегьилищан абунила гIолилас. Щаклъиларилаха, эдин батанийилан гьиманила, гьесухъги ялагьун, гьей ясги...

Гьабунилаха халатбахъараб бертинги, ячанилаха ханасул васас хIалтIи хирияй гьадай ясги.

Махсут1 Зайнулг1абидов

# Г1ечул гъвет1

## Ч1ибирикъил маргъа

Бук1анила Ч1ибирикъил
Г1ечул гъвет1,
Баг1араб г1еч т1ад бижулеб,
Гьит1инаб.

Бук1анила лъимги т1ун гьес
Г1езабун.
Азбар бакьулъ берцинаб гьеб
Г1ечул гъвет1.

Зоб ц1акъ кьерхун бук1анила
Цо къоялъ.
Гордухъан вас вук1анила
Валагьун.

К1анц1ун бач1ун азбаралъуб
Гьороца
Гьабунила ч1уч1адизе
Г1ечул гъвет1.

Г1аркьалаби ругила гьелъ
Рихъулел,
Ракьулъанго бугила гъвет1
Бахъулеб.

«Жибго те дир г1ечул гъвет1ан»
Ч1ибирикъ
Ч1ч1ич1ч1илаго к1анц1анила
Къват1иве.

Къуват т1ок1аб гьороца гъвет1
Гьебсаг1ат
Бигьаго ц1ан бахъун, босун
Анила.



**«Балагьилин гьанже духъан»
ЧIибирикъ,
Гьелда хадув вортанила
Тириго.**

**Вортанила бугеб рухIалъ
ЧIибирикъ,
Лъутанила бугеб рухIалъ
Гьуриги.**

**Гьури ахир кIанцIанила
КIкIалахъе,
КIудияб ва лахIчIегIераб
ХIинкъараб.**

**ХIинкъичIила амма нилъер
ЧIибирикъ,
ЦIиркъ гIадин, гьев кIанцIанила
КIкIалахъе.**

**РечIчIанила гьорода тIад,
ЦIум гIадин,
Кканилаха кIкIалахъ жаниб
Гучаб рагъ.**

**Гьороца ав реханила
Эхеде,
Гьороца ав речIчIчанила
ГанчIида.**

**ГамачI гIадав ЧIибирикъил
КIалдиса,
Щиб кканиги борчIичIила
Цо гьаракь.**

**Гьесул ретIел тIутIун щущахъ
Банила.**

**ТIолго черх ва гьумер бидул
ЦIунила.**

**БукIаниги, ахиралда
Асухъе
Гьорол габур къахIан кквезе
Щванила.**

**АхIданила гьури гьанже
Къунилан,
Къаларин дур азбаралъуб
ТIокIабин.**

**«ТIокIаб лъилго гъветI бахъанин
РагIани,
ЦIунаги!» — ян биччанила
Ас гьури.**

**Анилаха тIурун гьури
Цебеса,
Къорид ккураб бох борчIараб
БацI гIадин.**

**Босун гъветIгун вилълъанила
ЧIибирикъ,
ЧIанила гьеб букIаралъуб,
Лъимги тIун.**

**Бакканила бикьизабун
НакIкIгин бакъ,
«ХIалчIахъадан» веццанила
ЧIибирикъ.**



# Бержиялъул калам

Жакъа гIадин ракIалда буго, I980 соналъул хасалил цо къоялъ магIарулазул щивасул рокъоб анищаб гьобол гIадин рештIана «Лачен» журналалъул тIоцебесеб номер. Лъималазе гьеб букIана унго-унгояб рохеллъунги цIияб гьудуллъунги; чIахIиязе – нилъер адабияталда ккараб кIудияб лъугьа-бахъинлъунги.

Долдаса ун буго, расги лъачIого, кIикъоябго сон. Гьел соназда жаниб журналалъ нилъер гIисинал гьудулзабазе – лъималазе рицана нус-нус маргьабиги, харбалги, рикIкIана кучIдулги, кантIизаруна кицабаздалъунги абияздалъунги, рохизаруна чанги берци-берцинал суратаздалъунги. Лъана нужеда нилъер машгьурал хъвадарухъабиги цогидалги халкъалда рагIарал гIадамалги, журналалъул кумекалдалъун лъай-хъвай гьабуна анцI-анцI нужерго гIелцоязулгун, гьезул кучIдузулгун, харбазулгун, гьез рахъарал суратазулгун. Бищунго аслияб, гьеб кIикъого соналда жаниб «Лаченалъул» куркьбал щулалъана, роржен берцинлъана, сапарал гIемерлъана, цIия-цIиял гьудулзаби гьарзалъана.

КIикъого сон – гьеб ккола аралъул хIисаб гьабизеги, букIинеселде анищ гьабизе рес бугеб завалаб ригь. Араб заман «Лаченалъул» баракатаб, берцинлъиги бицинеги жо гIемерабги букIана. Жеги анцI-анцI соназ, жеги берцинго, баракатго, рохалил чапар гIадин гIисинал адабият бокьулезухъе щибаб рокъобе боржине цIи-цIиял гьудулзабаздалъун бечелъизе, лъикIабщиналдалъун лъимал рази гьаризе къуватги, къвакIиги, къартIги насиблъаги «Лаченалъе». Нусго сонил байрам кIодо гьабулеб къоялъги къимат борхалъун, къисмат берцинлъун дандчIваги, «Лачен», мун бокьизесел цIи-цIиял гIелазда.

*«Гьудуллъи» журналалъул редактор,*
*РД-ялъул Хъвадарухъабазул*
*союзалъул авар секциялъул*
*нухмалъулев, шагIир*
**МухIамад ПатахIов**.

## МухIамад Патахов

## Гьури

**Щиб балагьулеб мун, билараб щиб дур**
**Щайдай, хехаб гьури, мун ццидахараб?**
**Бортанхъулеб кибе низам гьечIого,**
**ЧIалгIунаребищ гьеб гьагаб гогьдари?**

**Квер рекIанщинабги щущахъ балаго,**
**Мун бухъардулеб куц, мун хъудулеб куц.**
**Цинги гелдолеб щай кьурул нохъазда,**
**Бахчараб бечелъи цIехолеб гIадин.**

**Дидани лъаларо тIабигIаталда**
**ТIад белъанхъулебцин гурищ мун бугеб,**
**Яги инсанасда уйилан ккезе,**
**ХIалкIолъидул бицун беццарулебищ?**

**Дунни барахщула, гIорхъи чIвачIого,**
**ЧIалгIаде дуй кьурал ихтиярazда,**
**Жеги бахиллъула хайир гьечIелъуй**
**Ралъадлъун гьелчолеб гьеб дур гучалда.**

# Дица сихIру гьабуна



Баба, чIалгIана дида
Къойил гьал дарсал цIалун,
Дица сихIруги гьабун,
Гьеб иш тIаса рехила.

Сон сурат бахъиялъе
Лъун букIана дий щуйил,
Щай доб альбомалда тун,
Дица нахъе къунцIила.

Цинги гурищха, баба,
Гьеб ракьалда бекьила,
Бакъуца чIорал ритIун
ТIаде баккизабила.

Зобалаз лълъимги чвалхун
Чурун бацIцIад гьабила,
Гьороца тIад квер бахъун,
ТIалаб-агъаз гьабила.

Хаслихълъиялде, баба,
Гьелъул лъикIаб гъветI гIела.
ГIаркьалабазда гурищ –
Щуйилалги рукIина.

Дица цо-цоккун тIун гьел
Школалде росила,
Бищун лъикI цIалулевин
ЦIар дир кибго рагIила.

## Гарип Расулов

# Бахьикъосал

(ХАБАР)



Школалалда цIали лъугIана. ТIаде щвана каникулазул заман. Чияр ахазде кIанцIун, лъарахъе чвердезе роргун, чIалгIарал Мансурги Сурхайги бахьикъосалин тIокIцIаралги рекIинарун тун рукIана. Цояз гIарз бахъулаан жидер гордазда цIер хутIун гьечIин, гьезул рехдариялъин. Цояз жидер азбаралъул сангарал тIетIезарун ругин бицунаан. КъватIире рахъиналдаса инарун рукIана гьел. Тира-сверизе рахъунелъул Мансурицаги Сурхайицаги бакъвазе тIибитIараб кIодол ахбазаналъул лъор цIезабун цадахъ босулаан. КIалдиб лълъим кколеб гьелъул гьуинлъиялъ кверде росун рукIана гьел. Лъималаз ахбазаналде квер бегьулеб букIиналда щаклъун йикIана кIодо, амма кквезе щвараб жо букIинчIо.

Цонухалъ хурие иналде цебе кIодоца гъоркьа рагъида туртида тIибитIана ахбазан ва сверухъ рагъи мухIканго жужан тана. Дица лъазабила цIогьорасул лъалкIилан ракIалдеги ккун, гьей жиндирго ишалъ ана. КIалдиб лъимги ккун, ахбазаналде къасдги лъун вукIана Мансур. КIодол хIилла киндай къезабилебан ургъулаго къотIноб гьагIдана хIама. Векерун ун, къан габурги ккун Мансурица гьеб азбаралде бачана ва живгоги рекIун, ахбазан тIибитIараб туртиде къотIана. Ахбазаналъул лъорги цIезабун, хIамаги къотIноса эхебе балагьизабун, Мансурица гьениса хьуризабуна.

Бакъанида рокъое юссарай кIодода ахбазаналда лал тIамун букIин бихьана. Къваридго йигей гьелда аскIове вачIана Мансур.

– КIодо, щиб хIамайищ гьанибе щун батараб?

– ЩанкIлални хIамил ругоан, амма иш бахьикъосил бихьула, – ян гьимана кIодо.

## ГIабдула Даганов

*(ГIемерал соназ киналго мацIазда рахъулел «Лачен» ва «Гъудуллъи» журназул бетIерав редакторлъун вукIана)*

# ЦIадулал цIарал

... КIудияб ВатIанияб рагъул соназул бахIарчиял ва тарихиял бакIазде щведал, унго букIунеб чIухIи, гьел рагъухъабазда гьоркьор бахIарчиял Дагъистаналъул лебалал васазул цIарал ратараб мехалда. Цо хIикматаб асаралъ циндаго кверде росула нилъ, чорхол киналго лугбузулъе лъугьун уна гьеб.

РоцIцIараб роол гIуж. Хъатикь ккун микьго билбагIараб розаялъул квацIигун дун эхетун вуго Геройское росурагIалда бахIарзазе бараб памятникалда цеве. Дица цIалулел руго меседалъ мармаралда угьарал цIарал: Н.Поддубный, М.ГIабдулманапов, П.Велигин, И.Тимошенко, Г.Захарченко, М.Задорожный, П.Иванов, А.Симоненко.

Гьеб росурагIалда ккана тушбабазулгун дол бахIарзазул бащалъи гьечIеб рагъ. Нилъеразул кинавниги ичIго рагъухъан вукIана. Ункъо батIияб миллаталъул ичIго гIолихъан. Фащистаз гьел, вахIшияб гIазабги кьун, чIвана. Гьеб гIаммаб хабалъ рукъун руго гьел. Дица бетIерги къулун, тIугьдузул квацIи лъуна памятникалда цебе...

Доб апрелалъул хадусеб къоялъ байбихьулеб букIана тушманасдаса тIолабго Крым эркен гьабиялъе гIоло рагъ. БагIараб армиялъ немцазда тIад бергьенлъи босараб ИчIабилеб маялде щвезе жеги цере рукIана биял гIодоре тIезе ругел рагъазул анкьалги моцIалги.

ЗахIмалъи ва гIакъубаялъ свакарал рагъухъаби, лъимал гIадин, кьижун рукIана гьеб ихдалил роччараб сардилъ. Метер рогьалилъ байбихьизе букIана рагъ. МухIамадзагьид ГIабдулманаповасда макьу щолеб букIинчIо. Щиб лъалеб, гьеб параялъ гьесда цебе тIамун букIун батизе бегьула гIагараб Дагъистанги живго гIураб



гIахьвалазул берцинаб тIалъиги, гьениб, жиндирго лъимерлъи араб росулъ инсул тIуцабго минаги. Щибаб рогьалида школалда кьабулеб цIурмил гьаракь росдада тIад тIибитIулелъул, эбелалъул недегъаб гьаракьалъ ворчIизавулаан гьев макьидаса. Гьеб мехалъ сапаралъ вахъине азбаралда чу кьололев ватулаан эменги гьесие кумек гьабулев вацги. Доб лъимерлъиялъул рогьел аваданаб букIана. Амма гьанив, метер рогьалилъин абуни рагъде ине хIадур вуго МухIамадзагьид.

Сталинградалдаса байбихьун гIемер дандчIвана гьесда гьединаб кьвараraб рогьел. Чан хIинкъи бугел бакIаздасан цевехун арав рекIелъ чаран лъурав магIарулав. Метерги ина гьев ва бергьенлъигун чIчIалдеги вачIине. Гьединаб буго магIарухъ гIурал гIолилазул хасият.

Крымалъе гIоло гьужум гьабулелъул, гьениб тушманасул бугеб ахIвал-хIал лъазе разведкаялъ битIана цо танк, гьелда МухIамадзагьидгун цадахъ вукIана ичIго гвардиялъулав. Гьезул командирлъун вукIана кIудияв сержант Николай Поддубный. 1944 соналъул апрелалда разведчикал тIад ругеб танк гIагарлъана Ашагъа-Жамин абулеб татаразул росдал рагIаллъиялде. Тохлъукьего цо рахъалдасан кьвагьун бачIараб тушманасул гIарададул гуллица танкадул хIара бекизабуна ва гьеб данде кьвагьизе кIолареб хIалалде ккана. ГIолохъаби гIодореги кIанцIун, бакI-бакIалда рахчун, рагъ гьабизе лъугьана. Гитлерилаз гьезде нахъеги гIарадаялъ кьвагьулеб букIана. Жидер къуват цIикIкIараб букIинги лъан, хадуб гьез къасд гьабуна советияб рагъулаб машинаялде гIагарлъизе. Амма бахIарчиял рагъухъаби цоязда хадур цоял гьарун гьезул гьужумал нахъчIвалел рукIана. ГIемер рикIкIад гьечIеб ахикьан нахъеги гьезде тIаде гIарада базе лъугьана.

– Хъурумсахъал! – ан ахIдана гвардиялъул гьитIинав сержант ГIабдулманапов. – Нужер гIарадабазда кIвелинищ ракIалде ккараб ниж кверде росизе?!

– Цо-цоясе къо-къо фриц кколев вуго! Нахъе къазе бакI нилъее гьечIо, – ян ахIана жиндирго рагъухъабазде командир Николай Поддубныяс. Гьеб параялъго кьвагьун бачIараб гуллица гьев лъукъана.

– Нахъе къазе гьечIо, данде чIела! – ян цадахъаб гьаркьидалъун жаваб гьабуна гьесие рагъухъабаз.

Немцаз нилъерал сверун кквезе къасд гьабуна. Гьел гIурус мацIалда ахIдезе лъугьана:

– ГIурусал, кверде рачIа! Нижер гIемерал руго! РачIинчIони, нижеца нуж тIагIинаризе руго!

– Ма, нужее кверде рачIин! – анги абун, гьел рачIунеб рахъалде граната реххун ана МухIамадзагьидица.

– Цоги рехе граната гьезде! – ян ахIана командирас.

Разведчиказ унго-унгояб бахIарчилъиялдалъун нахъчIвалел рукIана тушбабазул иргадулал гьужумал. Сверухъе ракь гIарадабазул ва пулеметазул гуллбуца бихъ-бихъизабулеб букIана. Немцазул гьужумал тIадеялдаса-тIаде цIикIкIунел рукIана. Нилъеразул гуллаххер лъугIулеб букIана.

– Церехун, гьалмагъзаби! – ян буйрухъ кьуна командирас. Гуллби лъугIидал, тункIазул хучдулги хIалтIизарун, рагъизе байбихьана бахIарзаз. Ахирги хIалдагьлъарал, бида рецIцIулел гьел тушбабаз сверун ккуна.

Лъукъ-лъукъарал, рухI лъугIулел гьел немцаз цере къотIана Ашагъа-Жамин росура гIаллъиялде. Данде бакIарана халкъ. Ахирисеб нухалдаги щиб гьез бицунебали тIаделъана гIалхулал бандал багьадурзабазде. Жавабалъул бакIалда васаз ццидалаб балагьи букIуна гьездe гьабулеб. Цинги сверухълъиялда тIибитIун ана гьезда речIчIулел гуллбузул хъуди...

Доб апрелалъул къоялда жидер беразда цере гIазабги кьун чIварал бахIарчиял советиял разведчиказе гIоло гьебго сордоялъ кIудияб гьунар гьабуна анцIила анлъго сон барай комсомолка Людмила Гапковалъ ва гьелъул гьудулзаби Н.Голубенкоцагун А.Клименкоца. Гьез къотIи гьабуна фашистаздаса жидее цIакъго кIудияб хIинкъи букIин лъаниги, сардилъ бецIал къватIахъан хъурщунги ун, рагъухъабазул жаназабазде тIаде ракь хъвазе...

## МухIамад ГIисаев

# КIамуринур



ЦIад бан чурараб щобтIа
КIамури лъун буго нур,
Расандулел ясахъа
Бортараб курхьен гIадин.
Ракьалъул анкьабго кьер
Кьояллъун цолъун руго,
Цо хIикматаб рахъалде
ТIасан инсан хьвадизе.
Щуб бетараб ххарилъан
Дунги гIедегIун вуго
Нуразул чалабазул
Дийго квацIи гьабизе.
Гьебги босун хIикмалъи
Лъаларелъур рагьизе,
Рагьараб цо гордуда
Рогьалида лъун тезе.
Нур, дун гIедегIанагIан,
Цебе тIурулеб буго,
ТIаде щолеб мехалда
ТIубан билулеб буго.
Хьухьаллъун ракьул хIухьел
Гьаваялдеги бахъун,
Гьаб абизе лъалареб
Лъалеб цо лазат буго.
Цинги цойги нухалда
Щвелин нур кквезейилан,
Каранда хивалалгун
Дунги выссунев вуго.
Свак гуро, хIаллхьи гуро,
ХIасратаб лахIзат буго,
Амма дун сапаралде
АхIулев вуго нуралъ.
Гьеб нилъер дунялалда
Борчине рачел гIадаб,
МугIруз цоцахъе кьураб
Гьудуллъидул квер гIадаб.
Макьабалъцин бихьула
БецIхъахIилаб ракьалде,
(Кьер гьединаб рагIула
Ракьул космосалдасан).
Цебесацин унаро
Анкьабго кьер бугеб нур,
Инсанасул ракьалде
Рокьиялъ кьураб баргъич.
Дун хьвадулеб кьо буго
Гьел лъикIал гIадамахъе,
ГIадамаца рехараб
Рахен буго гьеб дихъе.
ЦIад бан чурараб щобда
КIамури лъун буго нур,
Гьелда бер кIутIарабго
Лъимер гIадин вохула.
Лъимадул рохелалъулъ
ХIикматаб тIокIлъи буго,
Гьелъул нуралъул кьерал
Кьолболълъго рессун руго.

## МухIамад Гъазиев

# Эбел



Сардица къулчIана къоялъул гвангъи,
Къо-мехлъикIан абун ана багIарбакъ,
Нахъеги гъуинаб макьуги кIочон,
Мун сундул хиялалълъ, хирияй эбел?

Дуда бихьулеб щиб, дуда лъараб щиб,
ЛъугIел-ахир гьечIел ургъелазул лагъ?
Араб мехищ дуда ракIалде щолеб,
РикIкIад вугев васищ цеве тIамулев?

Дун абуни вуго, вецего гIадин,
ГIащикъал хурдузул махIазухъ къечон,
Магъилъа мун щолел сагIтал рикIкIунеб
РакIалде бачIуна дирго лъимерлъи.

ЛъугIулареб хинлъи каранда тарай,
ТалихIав вуго дун, мун йикIун, эбел.
Амма дуде ургъел рештIараб мехалъ,
РахIат дийго гьечIо, рагIулищ дуда?

Дунялалъул рокъоб бакъищ, гIазуйищ
Дур гIакъилал бераз бицуна дида.
Бице, эбел, дие согIав ханасул
Гъалал меседилай ясалъул маргъа...

Сардица къулчIана къоязул гвангъи,
Къо-мехлъикIан абун ана багIарбакъ,
Нахъеги, гъуинаб макьуги кIочон,
Мун сундул хиялалълъ, хирияй эбел?

# Ролъул тIор

Дунги кIодоэбелги
Хурире щвезе ана,
Свакарал ниж цо ссанда
Сухьбахъизе лъалхъана.

Сверухъе валагьана,
Бихьана цо ролъул тIор:
Нилъер кIудадал гIадал
Михъал ругоан гьелъул.

## Наби ГIисаев

# Бажаризе ккола вацлъи цIунизе



ГIумарги ГIалиги,
Цадахъ рукIунел,
РакI хъубаз, мацI гьабун,
РатIа гьаруна.

Цояз ГIумарие,
Цояз ГIалие
Рихххизе гьарулел
Гьерсал рицана.

Балагьеха, лъимал,
Квешлъи гьабизе
ГIемерго бокьани
Лъугьунеб буго.

Цо нухалда дунго
Гьелда релълъарав
Лъугьа-бахъиналъе
НугIлъун вукIана.

ЛъикIал гьалмагъзаби
Барщизе гьарун,
Рахъ-рахъалде унел
Рихьана дида.

Амма божула дун
Гьудулзабазда
Батилин битIараб
Нух цоцазухъе.

Щцидал мацIцIазда тIад
Бергьенлъи босун,
Бажарилин гьезда
Вацлъи цIунизе.

Сабрият ХIабибулаева

# МагIарда ицц



МагIарда цо ицц буго
Беролебго-беролеб,
Дир хиялазул гьундухъ
Гьалдолеб анищ гIадин.

Гьеб иццухъ лълъимги буго
Чваххулебго-чваххулеб,
Дир рекIел хIасраталъул
ХIалуцараб лъар гIадин.

Дун хадуй ялагьана:
Гьеб иццул тIеренаб лълъим
Бисил кIутIбузда къочун,
Чваххун лъаралълъе ана.

Дирги цо анищ буго,
Дирги цо хиял буго,
Лъаралълъе гьеб ицц гIадин,
ГIадамазулълъ жуязе.

# ГIисал суал

ГIиса вуго пашманлъун,
ГIус буго гьасул унтун,
Ургъел буго гьасда чIван
Бахъизе ккелин гьебан.

ГьитIинай яц ПатIида
Лъалилан хIинкъун вуго, -
ХIинкъуч вугилан яцалъ
Абулеблъи лъан буго.

Таибат-кIодоцаги
КIудияв инсуцаги
Бихьинчи хIинкъуларин
Къойил абула асда.

ГIисал чарахун буго,
ГIодизе бокьун буго,
ГIадамаца цIукIуран
АхIилин хIинкъун вуго.

Унти дагьлъулеб гьечIо,
Гьав ургъалида вуго:
«Хехго гIусдай бахъила,
ГIодизедай гIодила?»

## МухIамад Хириясулаев

# Иццухъ

*(ГIемерал соназ «Лачен» журналалъул редакторлъунги лъималазул шагIирлъунги лъалаан гьев цIалдолезда)*



**Дун тIокIкIараб иццалде**
**ТIаде къулулев вуго,**
**Къеч буссун букIаниги**
**КIал чIвалин цойги нухалъ.**

**Гьелъул матIуялъусан**
**Лъедолел руго накIкIал,**
**Дица гьездеги къулун,**
**Гьекъола зодил кьерал.**

**Рихьула дида иццухъ**
**Гьаргьадулел мугIрулги**
**Гьезул тIогьазда тIасан**
**Роржанхъулел цIумалги.**

**Гьелъул тIинда сордоккун**
**Сорола канал цIваби**
**Кидадай дунял рогьун**
**Ясаз гIертIахъе тIелин.**

**Гьеб иццул чалиялъуб**
**Чвердола гIицIтолон моцI,**
**ГIодой къулун гьетI-гьетIун,**
**ТIаде борхун, гургинлъун.**

**Гьелъул тIиналда бащдаб**
**Бугин ккола зобгицин,**
**Зодихъ гIадин эркенго**
**Гвангъула гьениб бакъги.**

**ГьадигIан тIадгояб ицц,**
**ГьадигIан гьитIинаб ицц**
**Гьадин гIатIид гьабураб**
**ГIаламат сундулълъ бугеб?**

**Иццул кIул-кIули дида**
**КIалъалеб бугин ккола:**
**ТIокIкIиялъ, бацIцIалъиялъ**
**Бугин гьаб гьунар дий кьун.**

МухIамад Шамхалов

# ЛъикIаъи гвангъараб батула

Гьедин абула дир кIодоца. Цойги абула гьелъ: «ЛъикIлъи рикIкIаде боржуна. Гьелъул куркьби гIедерал рукIуна» – ян.

КIодол рагIаби цIакъ рокьула дир гьудул Рашидие. Жиндие щиб бугониги хIажат бугони, гьел рагIаби реххула гьес бачIинахъе. «Дуе кIиго торгIо щибизе? Цояб дие кьеха. – ЛъикIлъи кидаго гвангъараб букIуна», – ян абула гьес.

Гьел рагIаби машгьурлъана нижер школалдаги, жеги газеталдацин хъван рукIана.

Цо базаркъоялъ векерун вачIунев вуго Рашид. Гьес дида цере ккуна киналалиго хъахIилал кагътал.

– Рихьуларищ дуда? Циркалде белтал руго гьал, – ан абуна гьес. – Хехлъи гьабе!

Дун цIакъ воххана. Жеги гьудулась баркала кьезецин рекIеда ватичIо. ЦIияб гордеги ретIун, къватIиве вахъана.

Къо букIана багIарараб. КъватIахъ гIадамал къанагIат гурони рукIинчIо. Котровасул къватIчIван унев йигоан ригь арай, дир кIодода релълъарай гIаданги, ворхатав, нилъалтIа багIарсияб мегеж бугев чиги.

Гьезухъ ругоан чемоданалги пихъмичIалъул цIурал тургьбиги.

ЧIужугIаданалъ нижеда гьикъана:

– Лъимал! Гьанисан маххул нухлул вокзалалде кколищ? – ан.

– Кколаро, кколаро, – ян абуна Рашидица. – Нижер гIицIго цохIо вокзал буго. Гьебги доба гъоркь ралъдал рагIалда буго. Гьанисан кIудияб базаралде уна.

– Бихьулищ дуда, лъалеб букIун бугеб куц, – ан абуна гьелъ, рази гьечIого бихьинчиясухъги ялагьун. – АнцIго нухалъ абуна дица нилъулъ мекъи кколел ратилилан.

Бихьинчи вуцIцIун чIана. Нижеда бичIчIана гьел гьалбал рукIин. Гьел рахIатхун лъугьана.

– ЛъикIлъи гвангъараб букIуна, – ян щурана Рашидица. – РачIа, гьалбадерие кумек гьабилин.

– Циркалде кватIилярищ? – ан абуна дица.

– КватIиларел ратила. КватIани, кIиабилеб сеансалде инаха, – ян абуна гьес тавакалго.

– РачIаха, – ян абуна дица гьирагo гьечIого.

Ниж гьалбадерида хадур рекерана.

– Нижеца бихьизабила нужеда вокзалалде нух, – ан абуна Рашидица. – Рилълъа нижеда хадур.

Рашидица чIужугIаданалъухъа таргьа босана. Дица магжиласухъа босана.

В.И.Ленинил майданалде щвараб мехалъ, вокзалалде щварай гIадин, йоххана чIужугIадан.

– Гьанже нижедаго лъала вокзалалде нух. Баркала, лъимал. Гьанже нужерго ишалъ а.

– Нужеда лъалареб, цIакъ гIагараб нух буго. Гьенисан ина нилълъ, – ан абуна Рашидица.

Майданалда нахъа бугеб болъодаса гIодоре ана ниж. Гьале вокзал. Гьале вагон.

Нужеда бихьизе лъикIан гьалбадерил разилъи! Нижги рази рукIана. Чан баркала нижее щвараб.

Гьеб къоялдаса нахъе чанги хьвадана ниж гьалбал гIемер рачIунеб «Кавказ» гостиницаялда цересан. Амма я нух къосарал, яги нижер кумекалде хIажатал гIадамал тIокIалъ дандчIвачIо.

Ана заман. Нижеда кIочон тана гьалбал тIоритIараб куц. Дагъабищ нилъеца гIадамазе лъикIлъи гьабулеб? Биччанте гьеб гвангъун букIине ва рикIкIаде боржине. Гьедин букIине кколелъулха.

Араб соналда дунги Рашидги рештIана пионеразул лагерь – «Артекалда». Кинаб хIикматаб бакI гьеб бу-



гебали бицун рагIалде бахъинаро. Нижее бищунго бокьулаан батIи-батIиял машгьурал гIадамазулгун дандчIваял. Нижехъе рачIунаан космонавтал, Совет Союзалъул бахIарзал, гIемерал орденал рарал гIадамал, хъвадарухъаби. КигIан гIажаибал харбалха гьез нижее рицунел рукIарал!

Цокъоялъ нижехъе ячIана ригь арай гIадан. Гьелъул каранда рукIаралщинал орденал ва медалал! Дие бокьун букIана гьел рикIкIине. Кинго кIвечIо. Цин анцIила лъабго гIола, цинги анцIила щугоялде бахуна. Жеги цIикIкIун рукIун ратизеги бегьула. Гьелъ бицунеб букIана лъикIлъиялъул, ракI бацIцIалъиялъул, гIаданлъиялъул, инсанасул берцинлъиялъул.

– КIиго соналъ цере дунги дир росги щвана Дагъистаналде, – ян абуна чIужугIаданалъ. Щвана «Чайка» санаториялде, ЧIикIаб ралъдахъе... Каспиралъдалъ чвердана. Бугеб берцинаб бакъулаб Дагъистан!

Рашидги дунги космосалде роржине изну щваралгIан рохана. Лъиеха бокьилареб жиндир ВатIаналъул хIакъалъулъ лъикIаб рагIи рагIизе. Дие бокьун букIана: «Ниж Дагъистаналдаса ругилан» ахIтIезе. Рашид разилъичIо.

– Жибго Дагъистанго гIадал гьайбатал, гIаданлъи бугел ва гьалбал хириял руго гьенир гIадамалги, – ян абуна чIужугIаданалъ. – Дида ракIалда буго МахIачхъалаялда цо-кIиго берал чIегIерал васазулгун ккараб дандчIвай. Гьел лъимал дандчIвачIелани ва гьез кумек гьабичIебани, ниж ишкал гьечIого поездалде кватIилаан. Квешезего гIадин, дандчIвачIо такси. Вокзал рикIкIад гьечIилан чIана рос. Рилълъана лъелго. РакIго букIинчIого гьикъана данде ккарал васазда. «Вокзалалде гьенисан унаро» – ян абуна васаз. Къокъиднухалъ рачун, нижер къайи баччизе кумекги гьабун, ниж щвезаруна вокзалалде, нижерго вагоналда жанире. Гьенире щун лъабго минуталдасан багъарана поезд.

Рашид дихъ валагьана, дун гьесухъ валагьана.

– Кин нилълъеда дой лъачIей?! – ин абуна Рашидица, чIахIа гьарун бералгун. – Нилълъеда аскIой гурищ дой яхъунчIун йикIарай. ГIабдалзаби руго нилълъ.

– Доб къоялъ орденал рукIинчIелъул долъул каранда, -ян абуна дица. – Бихьуларищ, ретIелги батIияб буго.

Гьеб мехалъ чIужугIаданалъ абуна:

– Нужеда ракIалде ккезе бегьула гьел гIурал, чIахIиял лъимал рукIун ратилилан. Дица гьикъичIо гьезда. Амма дида ракIалде ккола тIоцебесеб классалда цIалулел лъимал рукIун ратилин гьелилан.

Рашидица цин квер борхана. Цинги тириго тIаде вахъана:

– ТIоцебесеб классалда гуро... КIиабилеб классалда цIалулел рукIана ниж, – ан гьабуна гьес, багIарлъунги вахъун.

Киналго ниж ругеб рахъалдехун руссана...

КIодол берал дагьалги цIакъ кунчIун ва разилъун рачIана.

Унгоха, ниж чIухIунги рохунги рукIараб куц!

Бихьулищ, лъикIлъи рикIкIаде боржунеб куц!

## Ибрагьим Утарбиев

# ХIИКМАТАБ ХIИНЧIИ

Гьаб нилъер «Лачен» гIадаб
Гьунар тIокIаб хIинчIчI гьечIо,
Гьабураб къоялдаго
Боржине жинда кIвараб.

Жакъа дунги, нуж гIадин,
Гьелдаса вохун вуго,
Гьеб лъикIабщинаб босун,
Нилъехъе бачIун буго.

КучIдул, харбал, маргьаби
Гьелда гIемерал лъала,
ГIакъилал кицабиги
Кидаго гьелъ рицуна.

ХIалтIулъ, цIалулъ бергьарал
Баркунги гьаб кIалъала,
КIвахIалал кIкIвенкIкIелазул
ГIундулги гьалъ кьурула.

Гьалъул лебалаб къвакIи
Нужей щваги, гьитIичал,
Гьелда нужго релълъине
Жигар бахъе, дир тIанчIи.




Соколёнок

ISSN№0203 - 3682

Лачен

4–5/2020
июль – октябрь

Иллюстрированный детский журнал.
Издается один раз в два месяца.

**Учредитель:**
Министерство информатизации, связи и массовых коммуникаций Республики Дагестан.

**Регистрационный номер**
серия ПИ №ТУ05-00413 от 22.04.2019 г.
выдан управлением Роскомнадзора по Республике Дагестан.

Издается с января 1980 г.

**Руководитель – главный редактор**
М.М. Ахмедов



**Редколлегия:**
М. АХМЕДОВ
М. МАГОМЕДОВ
К. МАГОМЕДОВ
А. МАЛАЧИЕВА **(редактор выпуска)**
М. АБДУЛХАЛИМОВ
Т. ЗУРГАЛОВА **(ответ. секретарь)**
М. ПАТАХОВ
Г. ХАБИБОВ



**Художественный редактор** З.Даганов
**Технический редактор** Т. Лузина
**Художники номера** М. Муталимов
**Художник обложки** М. Муталимов

Формат 60x84 $^{1}/_{8}$.
Бумага офсетная.
Уч. изд. л. 6,28.
Уч. печ. лист 5,58.

Выход в свет 16.10.2020 г.
Тираж 862 экз.
Заказ № 752.

**Типография:**
ООО «Издательство «Феникс-пресс».
**Адрес типографии:**
367018, РД, г. Махачкала, ул. Петра I, 61.

**Редакция и издатель:**
Государственное бюджетное учреждение Республики Дагестан «Редакция республиканских литературных журналов «Соколёнок» и «Литературный Дагестан»
**Адрес редакции и издателя:**
367000, РД, г.Махачкала, ул. Даниялова, 55.

**Электронный адрес редакции:**
litdag@mail.ru

Аварский язык

Индекс: на год - 63277,
на полугодие - 73902.

Цена свободная.